80.34942882(2 Чеч)
С-81

БIЕ МУКЪАМ

85.94
А438(2Чеч)
С81

БІЕ МУКЪАМ

(иллеш, эшарш)

ЧИТАЛЬНЫЙ ЗАЛ
ЦЕНТРАЛЬНОЙ ГОРОДСКОЙ
БИБЛИОТЕКИ г. ГРОЗНОГО

Нохч-Гlалгlай книжан
издательство
Грозный — 1977

ЦГБ

783

С(Чеч.)
С81

ХIоттийнарг Ямлихан Хасбулатов

Б99 **Сто мелодий.** Сост. Я. Хасбулатов. Грозный, Чечено-Ингушское книжное издательство, 1977.
138 с.

Б $\frac{0743—074}{М135(03)—77}$ 31—77 С(Чеч.)

© Чечено-Ингушское книжное издательство. 1977.

НОХЧИЙН БIЕ МУКЪАМ
(ИЛЛЕШ ЭШАРШ)

Генна яьллачу хьан жимачу хенахь хезначу исбаьхьачу мукъамо — къоналлин аьзнаша, хIокху дахаран гомхачу хих атта къаставой, ойу хьо. Са пергIат а, дог тIома а доккху. ДIо-о-огахь сийначу стигла кхача хьалагIоьрттинчохь дисна ламанан дукъ. Цу тIехула меллаша гуо туьйсуш, хьийзачу аьрзунах хьалаойу хьо оцу мукъамаша. ТIаккха дIахаьрца хьох кегийра гIайгIанаш, хьан тIемех хьирчина баланийн карсаш, хедаш, охьаоьгу. Коьртачу гIуллакхана цIанделла, кечделла дIахIоьгти хьан кхетаман бIаьрса, деган гIора.

ЦIеначу цу лакхара охьа сирла бIаьрг кхарстийча, шайн-шайн беснаш а лепаш, оцу букарчу басешца а, церан когашкара дуьйна дIа йист йоцуш яьржинчу аренашца а ойланаша дехкина некъаш гучудовлу. Цхьацца-нхьа, халлий бен хаа а ца луш, ширъелла и некъийн лараш-бIарлагIанаш; цхьацца-нхьа, цу хьалхалерачарна тIехула а дуьйлуш, сихделла дIасауьду нуьцкъалнаш а, ницкъ кIезиг болуш, хIинцца кхоллалурш а, кIел ца дуьсурш — дIа ца довраш а.

И некъаш — хIолламаш, и некъаш — иллеш... Мел ду цаьрца: весеташ, шелъялаза а, шелъелла евлла а дегайовхонаш, сатийсамаш, къийсамаш! Хьан мехкан пхенаш, цуьнан истори язйина йозанаш дай уьш-м. И пхенаш тIетесна пондар схьаэцахьа, илланча, хьайн кара! Хьоьга илли алийта шаьш лардеш, таханенга кхач-

чалц схьадеанарш хьан дагна цара хаздахь, ахь тидамца ладогIахь, — и тоьар ду декъалчу даржехь хьо вахо!

Оцу ширачу некъашца-иллешца довза хала дац дIадаханчу дахаран аматаш, ган хала дац, муха латтийра къийсам къинхьегаман халкъо, В. И. Ленинан партис куьйгалла а деш, шена кхачийна йолу маьрша бакъонаш, ирсан таронаш кара оьцуш. Цу турпалчу гIуллакхех дуьйцу халкъо даьхначу иллеша, советан замано кхиийначу говзанчийн произведенеша.

Мел нуьцкъала хиллера таханалерачу вайн керлачу музыкин юьхь, цуьнан ораман кIоргалла—халкъан кхолараллин хьоста! Шен ораман кIоргалла ца евзаш а, ца езаш а кхуьийла дац коммунистически дог-ойла йолу вайн заманхо. Харц дац: шел хьалхарчу чкъураша кхоьллинчу, цаьрца хиллачу гIуллакхийн мах а, барам а ца хуучуьнга яккхалур яц тIаьхьенна Iалашо, далур дац кханенан хьесап. Керла стаг кхиош, цунна хаддаза сипан кхача латтош долу вайн иллеш ширлац, шовзткъа, кхузткъа, бIе шо хан яларх. Аганара воссалс дуьйна цара стагана хьехнарг — мехкан ялхо, мехкан да хила Iамар ду. Цунна баьхна нохчийн а, оьрсийн а, казахийн а, гуьржийн а — массо къоман а илланчаш.

Даймахке безам — «патриотизм» бохучу дешан, шуьйра маьIна ду. Муьлххачу къомах ваьлла къонах а, ша санна, лоруш хила, боху цо. И даздо вай кIокху сборника юкъа далочу, масала, Эвтархойн Ахьмадана даьккхинчу иллино а.

Цуьнан исбаьхьаллин агIонех ца дуьйцур вай. Амма билггала цкъа цхьанхьахь хилларг къобалдеш, халкъо маццах даьккхина иза а, и санна, кхидерш а, шайн дийна исбаьхьалла тахана лаппехь серлаюьйлуш лаьтта. Оцу иллеша, шаьш исторически произведенеш хуьлий дIа а хIуьттуш, къаьмнийн доттагIалла чIагIдина. ХIинца а гIо до цара ленинскн къаьмнийн политика кхочушъярехь. Масална далийначу Эвтархойн Ахьмадан

цхьана иллин чулацаман (адамаллин, вежараллин) мах мел кхочу, хуур ду, цу муьрашкахь даьхначу кхечаьрца дуьстича. Оцунна тоьшалла карор ду СССР-н Iилманийн академин «Iилма» издательствос 1973 шарахь арахецначу «XIX бIешеран исторически иллешкахь» а (цу юкъахь ткъех илли ду Кавказехь хиллачу гIуллакхийн хьокъехь). Иштта, паччахьан Iедална дуьхьал къийсам латтош гIараваьллачу Харачойн Зеламханах иллеш даьхна Къилбаседа-Кавказан дуккха а къаьмнаша. Шайн заманан хиламаш бийцина, истори йовза луучунна хIетахьлера некъаш гайтина, цу тIехь ца сецна церан дахаран маьIна. Шаьш кхоьллинчийн ойланаш а санна, шайн чулацам, исбаьхьаллин мехаллаш лакхара йолуш схьадаьхкина вай хIокху сборника тIехь зорбатухурш: нохчийн халкъо шен деган жовхIаршца яздина уьш.

Вайн иллийн чам хууш вара воккха илланча Сулейманов Баудди. И Эвтархойн Ахьмадан илли а цуьнгахула хезаш ду вайна радио чохь. Амма цуьнан ерриг кхолларалла вовшахтоьхна яцахь а, бакъдерг цхьаъ ду: дуьххьара Советан заманан культура кога ирахIуттуш, цу юьххьехь хиллачу Бауддис, дуьххьара вайн социалистически бахам кхиа болабелча, цуьнан хIайттархошна, социалистически Даймохк ларбан дуьххьара вайн кегийрхой ЦIечу Эскаре бахча, уьш дскъалбеш, дуьххьара вайн ярташка школаш яхка йолош къона чкъор йозадешаре дерза доьлча, цу серлонан гIуллакхашна хастамаш беш, шен иллешца, эшаршца керла дахар исбаьхьаллица декъалдора. Мехкан орамца, цуьнан сийдечаьрца яра илланчин кхолараллин нуьцкъалалла а, марзо а.

Цу хенахь, хьалхарчу пхеашераша вайн республика серлайоккхуш, литературе сара хIинца а и шен корматалла дIатесна йоцу Анзорова Балкан а. Цо а халкъера лохура исбаьхьаллин дош, халкъо лоручу хотIехь шен эшарш а йохура. Дуьххьарлерачу къинхьегаман ударниках, заманан хазаллех, безамах язйина и эшарш тIаь-

хьара балочу пондарца ша дIа а лоьккхуш, гIараелира Балкан.

Иштта, вайн халкъ декъала диначу заманан лаамна муьтIахь хуьлуш, къинхьегаман сий даздеш, поэтически байракх схьаоьцу тIекхуьучара.

«Ирс долчу Даймахкахь
Вай кхуьуш деца,
Вовшашца яхь дуьйлуш,
Вай болх бийр беца...»

Шен халкъан хазачу мукъамо хазийра и дешнаш дуьххьара — доггах поэтически васт лохуш лирик вара Мамакаев Iарби. Ткъа Хамидов Iабдул-Хьамидан «Забарен байташ», «Партизанийн илли», «Лайлаъ» езаш тIеэцаза дукха хир вац шен хенахь.

Нохчийн йоI кхиаран доккхачу доьналлин некъ гойту Ахматова Раисас. Юьртахочун къинхьегаман кхоллам яздина Айдамиров Абузара, массо теманашна а хаддаза шен дош олуш схьавогIу Музаев Нурдин. «Поэтан даге хьаьжжина хуьлу цуьнан илли», — олуш ду. Кхолларалхьлехь шайн-шайн хатI долчу цара шайн синхаамашца яздинчу иллешца, эшаршца кхаьчна вайн дахар таханенга. Эшначохь стеган дог оьцуш, эшначохь стаг иркарахIоттош, цуьнан собар кхиош, хIайттаралла гIаттош, схьакхаьчна уьш.

Деган лаам, деган Iаткъам хазачу мукъаме берзош, дуккха а хан, ницкъ дIало Сулаев Мохьмада а. ХIор дош а, могIа а шен метта нисбалар, хIор аз оьшшучохь хилар — исбаьхьаллин васт хIоттадаларца цхьаьна поэтана шена совгIат а, ладугIучунна хазахетар а ду.

«Мархаш дIатеттина,
ЦIехьана къегина,
Схьакхетта беттаса санна,
Шаршу дIахилийна,
Чоь серлаяькхина,
Сан кIорни, хьо доьлху хьанна?» —

олий дIадоладо Мохьмада шен илли.

Кху тIаьххьарчу хенахь нохчийн поэташа дуккха а къахьегна «аганан иллеш» яздеш. Царалахь кхиаме ду вай билгалдаьккхинарг. Шен хено хьалха хIитточу даккхийчу декхаршна букъ а ца тухуш, царех шега кхочушдалун дерг харжа хаар — ирс ду. Аьр вай, хIокху юбилейни шарахь вай тIеэцначу СССР-н керлачу Конституци тIехь билгал а доккхуш, хIора стага а кхочушдан деза закон хилла дIахIоьтти Iалам Iалашдар. Вайн кхолларалло бIешерашкахь дуьйна шех хаза дош аьлла, вайн исбаьхьа Iалам: хьаннаш, хиш, дийнаташ — тIаьхьа тIекхуьучу тIаьхьенна а безамца лардан дезар кхайкхадо Сулаевс а:

«Шовданан куьзган чохь
Гуш дара дегош,
Iожаллах дадийна,
Сен оьзда куц» —

олий исбаьхьа васт а хIоттадой, цу Iаламан эла — сай бийна ирча сурт гойту цо вайна. Цуьнан «Цавевзачу салтичун каш», «Маьлхан бIаьхо (Советски Союзан Турпалхо Мохьмад-Мирзоев Хаважин сийнна)» цIерш йолчу иллеша махкана маршо, дуьненна машар кхайкхабо.

Шен гIийлачу мукъамций бен охьа ца догIу буточу ламанах дуьйлу шал шийла хьоста... Исбаьхьачу деношца-галцашца тайна кхиъна йогIучу бIаьстено сирлачу маьлхан зIаьнаршца шен кхолламехь керла мукъамаш баха схьавоьху тIекхуьург. Хьалха воьду къоьжа къано го поэтана, цо бечу некъе хьожу и, цунна улло хIиттина цуьнан нийсархой бевза, царех дIакхета, тхо дерриш а цхьаьна хилчий бен, нуьцкъала тоба хир ма яц тхох, олий. И бохуш массо поэт ца лелахь а, церан кхолларалло, ша халкъан исбаьхьаллин хазна хиларе терра, ойланийн стоьмаш цхьана некъаца кхиадо.

Кхиъначу поэто, шен бIаьстенан неI схьа а йоьллий, шен лаамца кхоьллинчу серлонехь дахар къагош хазахета вайна.

«Лаьа суна массо Iуьйре
Маьлхан нуьрца йогийла,
Лаьа, лаьа хIора суьйре
Безам хьостуш йогIийла»!

ХIора Iуьйре-суьйре иштта хир йоцийла а, хила амал доцийла а хьайна хаахь а, и лаам даггара къобалбо ахь, и лаам дагчу буссу, цо бохург товш ду хьан кхетамна.

«Лаьа суна гамо, хьагI а
Наха шайх дIайоккхийла,
Лаьа, лаьа хIора стаг а
Ирсен, гIоза вехийла».

Безза бу оцу «аттачу» дешнийн мах. Илланчин декхар — сийлахьниг кхайкхо хаарца ду-кха. Диканиг — воиг а, хила дезарг — мегар доцург а дуьхь-дуьхьал хIотторца. Вайн заманхочун коьрта лаам бу кхайкхош:

«Лаьа суна, бIаьсте йолуш,
Бай тIехь бераш ловзийла».

Дерриг дуьне реза хир ду и лаам шен лара. Ткъа хIораммо а шен-шен ойлайича, хьанна хьалха ца хIутту ша бIаьрг тоьхна, Iаьбна валале дIадахна шен маьлхан олхазар — бераллин муьран сурт? Генахь къаьстина нийсарой. «Иштта чекхъиккхина хилла-кх сол хьалха дIабаханчийн жималла а» — олий хета, Ш. Арсанукаевн иллешка ладоьгIча.

Кхин цхьа башхалла а ю кхолларалле хь хаалуш. Масала:

«Алахьа, сан жима доттагIа, хьоза,
Со хIунда воьху ахь ара?»

Асхабова Iайнаан хазачу мукъамо езайолуьйту и йиш а. Iаламера адаман амал схьалохуш, схьаоьцуш, поэтически сурт хIотто хьожу Шайхи.

Мукъам соц-соцучохь дешан аз-элп а хIоттош, яздарх, таро ца хуьлу иллех. Эрна ца аьлла хуучо: дешнаш иллин дог ду, мукъам деган пхенаш ду. И дог ло-

хуш а, и карош а иллеш, эшарш яьхна Сатуев Хьусайна а, Дикаев Мохьмада а. Иштта Кусаев Iадиза а, Саракаев Хьамзата а, Мамакаев Эдуарда а, Айсханов Салмана а, кхечара а. Цара яздинчу дешнийн деган пхенаш кхоьллинарш, царна деган тIемаш делларш, халкъан юкъарачу дахаре ладоьгIна, цуьнан шовкъан хьашташна шайн сий ойланаш дIалуш схьабогIу. Уьш бу Дагаев Валид а, Магомедов Султан а, Шахбулатов Iаднан а, Димаев СаIид а, Бексултанов Iумар а, Эдисултанов ШитIа а, Цугаев Супьян а, Чергезбиев Зайнди а, Эльмурзаев Бека а, Ганаев Олхазар а. Цара дикка айира вайн музыкан культура.

Поэтан, композиторан барт муха хила беза (хьанал, тешаме, замане ладугIуш), хоуьйту церан кхолларалли бакъдолчара. Масала:

«Хьан бах хьо, сан Даймохк, яханчу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, бIарзбелла баьхна?
Къийсамо аьгпачу хьан тIулган белшахь
Гуш ду-кха яздина сан дайшка кхаьчнарг...»—

Иштачуьнга ладоьгIча, доккха дозалла до ахь а Даймахках, кийча ву хьо цуьнан сийнна ваха а, вала а.

Композитор а, поэт а цхьаьна вуьйцуш хилча, тIекхиъначарна юкъахь ца хьахавойла дац Дагаев Валид а, Рашидов Шаид а.

«Дуьххьара тIулган бIов йоьгIна,
Пондаран озе ладоьгIна,
Мостагlех леташ ца воьхна, —
Къонахчух алахьа илли.

Дайх-нанойх, Даймахках, лаьмнех,
Машаре некъ бечу къаьмнех,
Вайн ирсах, аренех, хьаннех,
Мохь тоххий, алахьа илли», —

Валидан мукъамо лаккха ойу и дешнаш.

Мел дезаш тIеийцира «Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь», «Гечделахь, нана» цIерш ерш! «ХIорш-м дац Ва-

лидан репертуарехь», — ала тарло дерриг а хууш волчо. Дац. Амма дацаро... гойту Рашидов кхечу илланчашна а везаш хилар.

Оцу кеппара, шен кхолларалле хь билггала йоза долуш волчу Шахбулатов Iаднанца цхьаьна Кусаев Iадиза яздина иллеш исбаьхьаллин барам лаккхара болуш хилар а го.

Кхолларалла алсам мел ели, корматалла шар мел ели, шен кхиамах тоам бан даго бакъо ца ло художника-на. Шен кхолларалле хьожу бIаьрг серлаболу, лехам совболу цуьнан. И дагахь хилар совнаха хир дац, аьзнаш хаза а долуш, шайн мукъамашца йолу уьйр-безам кхуьуш схьабогIучарна. Усманов Iимран санна болу ваьш дозалла дан хьаьгначаьрга ала лаьа: шайн дуьххьарлерачу а, уьтталгIачу а, кхин а тIаьхьа хин болчу а аьттонаша Iеха ма дойла шу, хаддаза Iама, къахьега кIорда ма дойла шуна! Боккхачу гонехь ца вуьсу шех Iехавелларг а, къахьега кIордийнарг а, аттонна дIасатеIаш верг а!

ХIинца вай зорбатухуш еккъа тексташ бен яцахь а, дикачу агIор хьахо деза, нохчийн халкъан мукъам гулбеш, кхиош, дебош, мел гIуллакхаш иттаннаш шерашкахь дира Димаев Iумара а, Ганукаева Йиситас а, Мандиев Хожас а, Цицкиев Идриса а, Астемиров Хасболата а, Дикаев Джунида а.

Кху шерашкахь илланчас Дамкаев Iабдул-ВахIида а, пондарчас Хучиев МIежас а, кхечара а гулбиначу мукъамех алссам пайдаэца таро яра.

Вайн лекхачу лаьмнашца, шерачу аренашца яьржинчу ярташкахь дуккха а ду декаш шира а, керла а иллеш... «И иллеш олучийн тобанаш — божарийн хораш хIинца лахъяларан бахьана?» — аьлла хаттар хIотто а тарло хIара могIанаш доьшучо. Мел хилла уьш, мел даьхна уьш — халкъан иллеш, замано керланаш а дохуш, жовхIарийн мах лах ца луш, жовхIарш шир ца луш! Цу тIаьхьалонех пайдаэца мел таро хир яра! Вай цIерш яьхначара а, яхаза бисинчу дуккхаачара а Iалашбо мукъа-

мийн ирсан орам. Керла кхуллучу тIехдикачу мукъамо дешнийн чулацам, и ледара болчохь, «дIахьулбеш» меттигаш а нисло. Ткъа, дешнийн исбаьхьаллин васт а, мукъаман хазалла а цхьаьна йогIуш долу дика илли мел дог резадой тIеоьцу!

В. Дагаевс хьалхара а олуш, иштта дIадолало А. Сулейманович цхьаъ:

«Iаьржа буьйса! Буьрса буьйса!
Дарцо левси кхийсайо.
Дино лергаш дуьхьал туьйсу...
Халчу новкъа вогIу со».

И илли безам хетаза верг хир вац. Бакъду, Iаьнан дарцашкахь, говраш тIе а хевшина, лелаш нах дукха гур бац хIинца, амма, дIахьаьжча, тIехула гуш дерг а дийцина Iаш ма вац Сулейманов Ахьмад. Иллино некъ бойту турпалчу ойлане. Хьомечу Даймехкан сурт хьалха хIутту. Го хьуна цуьнан хьашташна араваьлларг а. И къонах Iалашвеш, цуьнан гIайгIабеш йолу комаьрша хIусам а. Шаьш бертахь, беркатца, марзонца тIаьхье кхиош болу хьанал нах го цу мукъамехь. Шен иллеш ша дIаолура Ахьмада хьалха. Цо хIинца а гIо до илланчина илли кхачам боллуш кечдеш. Шен иллешкахь цо кхайкхадо, хестадо оьмарийн йохаллехь дуьйна схьа, нохчийн дахарехь хьехамча, хьадалча, накъост хилла долу хьанала гIиллакхаш, стагах стаг вина оьздангалла. Декъалдан хаьа цунна ширлуш доцу халкъан ламасташ.

Диканаш дикачу агIор вовшех теро ца хила йиш яц. Вай дикачех а, къоначех а лоруш ву Окуев Шима. Поэзин а, прозин а дуккха а жанраш караерзош, цо кIорда ца деш къахьоьгу дела, къахьегаре хьаьжжина кхиамаш а хиларна — дикачех лору вай и. Ткъа, къона ша ларарх, новкъа хьанна хета, шен шовтзкъа шозза кхаьча а?!

Цхьа илли ду Шимин:

«Амма со лаьмнаша
Шайн воI вац алахь,

Сан чорхан даьІахкаш
ЖІаьлешка кхуьссийла!»

И илли олуш, цу дешнаша дегІе зуз хьодуьйту: шен дагчуьра йовхо шенний бен ца юьтуш, шен куьйган говзаллех болу пайда шенний бен ца кхачош, шен хьекъалца шен цхьаьннан бен гІайгІа ца беш, дахаран декхарна петоьхнарг нажжазвеш, адаман сийлаллин агІонаш кхайкхо хаар — доьналла ду художникан. Цу хьокъехь дош ала бакъо а, корматалла а кхаьчна Шимега. Іаламца, ламанца нохчочун васт лоху цо, хаддаза заманан амалшка ладоьгІуш кхочу и доттагІийн дегнашка.

Поэтан даго лан дезарш, ала дезарш — уьш кІезиг дац. Шен хьуьнаречу заманхойх-турпалхойх даккхийра иллеш яздина Мамакаев Мохьмада. Кибарчиг шен кепах терра хуьлу, олуш ду. Нохчийн поэтийн иллешна юкъахь Мохьмадан иллийн лар геннара дуьйна (кІоргаллица) къаьсташ ю. Дуьххьара 1963-чу шеран бІаьста Шимас вовзийтира суна иза: тхойша «Ленинан некъ» газетан редакцера и волчу квартире чувахара. Шен нийса накъост волуш санна, тхойшиъ охьа а хаийна, хьошалла деш хьаьвзира и. Республикехь вевзаш а, лоруш а и хилар хууш дара. ПаргІат ша дош аларца тхуна хетарг, луург дийца тхан аьтто боккхуш, хаттар деш, тхоьга дагахь дерг охьа а дуьллуьйтуш, самукъане Іийра иза. Шимас ша язъян йолийначу повестах дийцира. Дуьйцучуьнга лорий ладугІура Мохьмада. Ша воккха велахь а, хьан гІуллакхана ша накъост хир вуйла а хоуьйтура цо.

Хьайн ойланан гІоьнча ца оьшуш маца хилла хьо?.. Цуьнан тІалам бо ахь. Заманан хьашташа хьо гІелвинехь, тІетовжа гІортор ю исттачара дина гІуллакхаш, язйина назманаш. Мохьмадан иллеша хоуьйту хьуна, ламанан басешкара дуьйлучу хьостанех терра, стеган къийсам цкъа а сацар доцуш бекийла. Хеназа а къийсаме юьйлучу, хенах шен гІоьнча вечу ойлано-иллино дІалелаво стаг. И ойла-илли генна хьалхадолу хьуна, лаккхахь сирла Іалашо хІоттайой, хьо — шен да — тІекхачаре са-

туьйсу цо, ша, кхиош-кхетош, хьалха вуьгу. ТІулган ирхенаш, букара охьенаш йолчу новкъахь хала ду цунна хьо, къонах, кхио. Махках, хьох дог лозуш — шуна оьшучохь; шух воккхавеш — шу тоьллачохь. Иштта поэта даькхина илли ду иза, ахь ладоьгІург... Адам кхера оьшуш дацара-кх халонех. «Адам» боху дош доккха дара-кх массо хІуманал а. Некъ атта болчохь шовда дека а ца хезара-кх, олий, лаккхара охьахьожу хьо айхьа биначу некъе, хьалахьожу — бан безачуьнга. Кхуьур вуй-те?..

«Зама, ма сихло, сан зама,
Цхьажимма некъ бита суна.
Со дахарх Іаьбна вац хьуна,
Сан дисна дезарш ду хьупа:

Таллаза шорта ю ареш,
Яздаза дисна ду иллеш,
Дагара хаийта кхоьруш,
Геннара кехатца езаш, —

Со безам лехна ву хьуна,
Сатуьйсуш къежвелла хьуна...
Хьоьгара собар а лоьхуш,
Со вогІу хьоьца де къуьйсуш...»

Дош дашах ца къаьсташ, лерера дІа ца долуш, дог карзахдоккху оцу иллеша. Къонахалла ю хьо воккхавеш, я хІоьттина исбаьхьа васт ду, я поэтан дагчуьра схьаІаьнначу суйнаша хІинца а серлабоккху хьан синлаам? Я хьоьга: «ЛадогІа! Кхета! Кхиа!» — бохуш мохьбетташ мехкан аз ду?

Алма-Атахь нохчийн маттахь арадолуш хиллачу «Къинхьегаман байракх» газето зорбатуьйхира и дешнаш дуьххьара. Мамакаевс редакце яийтинчу стихашна юкъахь яра хІара «Зама» цІе ерг а.

КІорга шен философски маьІна долуш ду и иллеш. Атта боцчу кхолламах дуьйцу цуьнан безаман иллеша а. Амма массаьрца а билгалдуьйлу цунна шен турпалхочун адамаллех ала хаар.

ХIара къамел иштта Мохьмадан иллешца чекх а доккхур вай:

«Безамах къастаро хеназа къежвина,
И гаре сатуьйсуш, гIайгIано бIарзвина,
Сагатлуш, ладоьгIуш, ойлано гIелвина.
Алахьа ахь, безам, вай хIунда къастийна?
Безам — ирсан гIад, сан дагца лелахьа,
Iожалло со шелвахь, иллица бекахьа».

Массарна а бохург санна, Мамакаев Мохьмадан тексташна иллийн мукъамаш баьхнарг Дагаев Валид ву. Цхьаннан — дешнаш, церан чулацам; вукхуьнан — мукъам, аз... Уьш вовшашна чIогIа тайна, цундела иштта дезаш а ду уьш. И тайпа кхиам — ала хилчий, ала хиъчий богIу. Алссам къахьегарца а. И «Безам» цIе йолу илли 1966-чу шарахь аьхка дIаяздира радио чухула ала. ХIетахь шена и шерра Iамийна, карадерзийна ваьлла вара Валид. ХIетте а малерина и илли дIаяздойтуш, олуш, пленки тIе дIаяздойтуш, яздинчуьнга ладугIуш, реза ца хуьлуш, кIорда ца деш, хIора аз, хIора дош шен мегта дIанисдеш, ваьллира и! Иштта са тIедерзийна хьоьгучу къинан стом вон ца хуьлу.

И тайпа иллеш иштта дезаш тIэцаран бахьанех коьртаниг цхьаъ ду: шен чкъурах волу турпал вевзаш, цуьнан доьналла мичара даьлла, и стенна тIехьажийна (хила деза), поэт хууш хилар. Мехкан дог цIена воI — шен заманхо везаш, цунна даьккхина илли — илли ду!

...Дуьненан марзо алсамъяккха, стеган стогалла лакхаяккха хууш, сихонца йогIучу хено тIаьхь-тIаьхьа совдохур ду шен сатийсамийн — гIайгIанийн, эшамийн— толамийн некъан иллеш. Безаман ойланца аьрзунах айавелла, лаккхара охьахьаьжначуш дагна хазахоьтуьйтуш, и тохадолуьйтуш дерш, халкъан юьхь, сий лийринарш, шайн ораман кIоргаллица зIе латтийнарш, халонаш тIехIиттарх, кханенах дог ца дуьллуьйтуш, дика кIентий, иркарахIиттийнарш — и иллеш ду. Уьш ду халкъана дезарш а, що, декъалдеш, къобалдийраш а.

Я. Хасбулатов.

15862/1

В. И. ЛЕНИННА ДАЬККХИНА ИЛЛИ

Буц йолуш бай санна, таделла вай, кIентий,
Вай дина ма дара паччахьан заман чохь,
Вай дисна ма девлир паччахьан заманахь,
Вала да ва воцуш, дина наной ва боцуш.
Лечано ша лаьцна олхазар ва санна,
Вай лаьцна ма дисира паччахьан шен буйнахь.

Базар бамба батIийр цо цу хьолан дайшна,
ДоттагIалла латтийр цо цу мехкийн дайшца,
Вошалла латтийр цо чин долчу нахаца,
Чин лахахь мел вериг чинна лакха ва воккхуш,
Чинна лакхахь мел вериг оставке ва воккхуш,
Оставке ваьккхинчо пенси ва оьцуш,

Уьш-м бахийра цо, вай холчохь латтадеш.
Мерзачу даарах шайн кортош дарстийна,
Дезачу маларах шайн догIмаш датийна,
КIедачу маьнгеш тIехь бийшина Iаьхкина,
Шайн догIмаш лаздуьйлуш, уьш пергIат бехара.

Буьрса буьйса ва санна, и Iаьржа ва бала
Мискачийн шайн кийра паччахьо боссийра,
Ламанна тIетаьIна дохк-марха ва санна,
Дуьнен чу баржийра паччахьа шен бала.

ЦЕНТРАЛЬНОЕ ХРАНЕНИЕ ЦГБ
г. Грозного

Екхначу Іуьйренца дашо малх ва санна,
Дуьнен чу ма гІаьттир сий долу ва Ленин,
ЦІарах йогу цІен байракх ша лекха айъина,
Дуьнен чу гІаьттира сий долу ва Ленин,
Ша дуьхьал ма велир паччахьан балина.

Цу къечу нахана шен-шен коьрте ва хІуьттуш,
Цу хІурдан ва мохо дохк-марха ва санна,
Паччахьо латтийна и Іаьржа и бала
Дуьненара дІабадийра сий долчу Ленина.
Советан и Іедал хІоттий цо халкъана,
Мохк боцу миска нах махках ша кхиийна,
Божарий, зударий бакъонца нисбина,
Белхалойн, ахархойн гІуллакхаш тадина,
Дуьнен чу сирла бІаьрг пийсонца хьажийна,
Адамаш бакъонга Ленина кхачийна.

ДЕВЛАТГИРИН-ЭВЛА ЙОККХУШ ДАЬККХИНА ИЛЛИ

«Вай езаш ва йина вайн гІийла хІусамаш,
Корах алу ва туьйсуш, йогучу цу дийнахь;
Юрт юьллуш дехкина вайн шуьйра урамаш,
ХІотта меттиг ва йоцуш, сийсочу цу дийнахь;
Вай керлах балийна вайн хьомсар несарий,
Марзойн цІераш ва йохуш, кхойкхучу цу дийнахь;
Вай дина дай-наной, совца меттиг ва йоцуш,
Орцане ва кхойкхуш, хьийзачу цу дийнахь
Сема ладогІалаш дехачу цу юьрта —
Наношка ва доьлхуш бераш хезар ду шуна!
Вайна безна мехкарий, шайн-шайний ва бохуш,
Вайна цІераш ва етташ, вайга хьуьйсуш бу шуна!
Эгор бу вай, кІенатой, эхь дайна мостагІий,
Бохор бу вай, кІенатой, сий доцу мостагІий.
Болатах ва дина, терсмаймал ва тарраш,
Лаккха хьала ва уьйуш, вай царна деттар ду!

Нохчийн пхьераша ва йина хьенапан шаьлтанаш,
Вовшашка ва кхийдош, вай царна Іуьттур ю!
Хьала хьовсал, кІенатой, чергазийн раьгІнашка:
Вайна догІуш ду шуна чоьхьара ва орца!
ДІахьовсал, кІенатой, Теркаца хьала-охьа:
Вайна догІуш ду шуна Теркаца ва орца!
Чоьхьара ва орца хьалхашха тІекхаьччи,
Теркаца ва орца тІехьашха тІекхаьччи,
Човхабер вай, кІентий, эхь дайна мостагІий,
ХІаллакбер вай, кІентий, сий доцу мостагІий!
Вухавала луучунна вала пурба ду шуна,
Мохк ларбан луучунна лата меттиг ю шуна» —
Бохуш мохь ва бетташ, эскар летош ма вара
Доьхначу цу дийнахь дог майра ва Эду...
Кертах дой ва туьйсуш, цу луьрчу ва тІамехь
Каде леташ ма бара дог майра и кІенатой!
МостагІчун ницкъ тоьлла, ницкъана ва эшна,
Йохийна ва яьккхир Девлатгирин ва шахьар.

ЭВТАРХОЙН АХЬМАДАН ИЛЛИ

I

Ва сарахь-суьйренца, бузучу малхаца
Гаьн тІе куьйра ва санна, ша дина хиъна,
Бен чохь леча ва санна, нуьйра чохь тавелла,
Сакъера аравелир, тов, Эвтархойн Ахьмад.
Бай тІехь бокъан санна, готтачу кийрахь
Дог ловзаделир, бах, Эвтархойн Ахьмадан.
ТІаккха ловзабелир, тов, са цІена цуьнан гила,
Йочанан ва мохо идо дарц ва санна,
Са цІенчу цу гило ша чехка идавеш,
Вадийна ваьхьир, тов, Эвтархойн ва Ахьмад
Экханан бен лар йоцчу цу пана ва махка,
Цаьпцалган бен «цкъар» доцчу цу эрна ва ара.

Динна ида кIордийна, ша лаха воьссина,
Дерматан барголца дин бажа лаьллина,
Чергазийн юткъа нуьйр гIевланга йиллина,
Чергазийн ва верта даржош тIе ва тесна,
Чал дера ва герзаш, нанас бер ва санна, шен мара
къуьйлуш,
Набарна ма вижир Эвтархойн ва Ахьмад.

II

Iуьйранца седарчий уьдучу заманчохь,
Седарчийн серлонаш къестачу заманчохь,
Нур дашо можа малх кхетале ва хьалха,
Малхал хьалха схьакхета и маьлхан зIаьнараш
хазлучу заманчохь,
Син мотта топ кхетта цIен экха ва санна,
ТIехьа ши куьг ва тухуш, ша хьалаиккхина,
Шен оьзда ва духар шен дегIа дерзийна,
Чал дера ва герзаш шен юкъах дихкина,
Ша ара ма велир цхьа гIалагIазакхи.
Дуьненчу дашо малх кхетачу цу хенахь,
Цу ханнийн божлара шен жима ва айгIар
Цу дато дуьрстанца ша араозийна,
Бухь бойначу попа тIе дайн куьйра ва санна,
Дин хьаьвзаш ва хилла, ша таьIаш тIехиъна,
АйгIарна хи мало ша ваха ма велир
ГIизлара гIалара и гIалагIазакхи.
Сирла хи малийна шен жимчу айгIарна,
Юткъачу шедаца шен айгIар чехабеш,
Ша чехка велир и шерачу цу ара.
ВорхIазза тIекIелйинчу цу гIалин ва корах
Шега хьоьжуш яйн цунна и гIалин ГIизларха.
Бай тIехь бокъан ва санна, готтачу ва кийрахь
Дог ловзаделира, тов, цу гIалагIазкхичун.
Йилбазан ва мохо некъан чан ва санна,
Расхачу айгIаро ша чехка ва идош,

Ша ваха велир, бах, и гIалагIазакхи.
АйгIаро вадийна сел чехка валийр, тов,
И гIалагIазакхи Эвтархойн ва Ахьмад
Наб кхетта Iуьллучу шерачу майдана.
Цунна Iуьллуш вайра, тов, цхьа динан ва бере.
ТIеваха ца хIуттуш, юхавала даго ца вуьтуш,
Ойлаеш сецир, бах, и гIалагIазакхи:
«Дакъаза ма вала, хIай Iуьллу хьо кIанат!
Хьо хIунда Iуьллу-те кху буто раьгIнашкахь?
Хьаша воцуш ву-те хьо бIобулуш тIеваха?»
Лекхачу динара ша лаха воьссина,
Дерматан барголца дин бажа лаьллина,
Схьаэцна, юткъа нуьйр гIевланга йиллина,
Ахьмадан ах верта шена тIе озийна,
Эвтархойн Ахьмадах шен агIо ва тоьхна,
Набарна вижир, тов, и гIалагIазакхи.
ГIан-набарш яйра, тов, Эвтархойн Ахьмадна:
Цхьана гIалагIазакхичун расхачу айгIаро
Шен гила кхерийна, шен жима ва гила хьалхара
дIауьдуш,
ГIалгIазкхичун ва гила майра чу ва уьдуш.
Цу гIенан холалла мела хьацар ва тоьхна,
Набарах велир, бах, Эвтархойн ва Ахьмад.
Шен бIаьрга гира, тов, Эвтархойн Ахьмадна,
Шен гила кхерийна гIалгIазакхичун цу дино,
Шен гила чехош, кхерийна, хьалхаберзийна,
Бежаш лиэлаш гира цунна гIалгIазкхичун гила.
Дера ча санна, дагна дарвелир, бах, Эвтархойн ва
Ахьмад.
Лен вели, бахара, Эвтархойн ва Ахьмад:
— Дакъаза ма вала, хIай гIалагIазакхи!
ХIай Iуьллу ва бере, ахь суна ца бина
Тешнабехк ас бийр бац ва хьуна!
Хьан дино кхерий-кха сан жима расха дин!
Со кхерор варий-те дин болчу динан дас?
ХIинца лата веза вайша кху буто раьгIнашкахь! —

Олуш вист ва хилча Эвтархойн ва Ахьмад,
Син метта топ кхетта цIен экха ва санна,
ТIехьа ши куьг ва тухуш, герзашка катухуш,
Ша хьалаиккхир, тов, и гIалагIазакхи,
ТIаккха лен ма велир и гIалагIазакхи:
— Лета варий ва вайша, Эвтархойн Ахьмад,
Лекхачу ва хиэнал хьо лекха велхьара,
Стоммачу ва попал хьо стомма велхьара.
— Лекхачу ва хиэнал со лекха ву хьуна,
Стоммачу ва попал со стомма ву хьуна,
Тешнабехк ва боцуш, вайша лата ва ваьлчи, —
Олуш лен ма велир Эвтархойн ва Ахьмад.
ТIаккха лен ма велир и гIалагIазакхи:
— Дакъаза ма вала, Эвтархойн Ахьмад,
Муха лата лаьа хьуна кху буто раьгIнашкахь?
Тоьпаца, туьраца — хIун бакъахь ду хетий?
ТIаккха лен ма велир Эвтархойн Ахьмад:
— Дакъаза ма вала, хIай гIалагIазакхи,
Схьаяьхна тапчанаш вовшашна ва тоьхча,
Цхьаьнниг харц хуьлий хаа йиш ма яц вайн;
Тоьпаца вай летча, харц хилла и йоьжча,
Тешнабехк хир ма бу; тарраша лата веза,
Ген-гена ва ваьлла, баттара тарраш ва даьхна,
Чучча а хьаьдда, вовшашна тарраш деттар ду вайша, —
Олуш, лен ва ваьлча Эвтархойн Ахьмад,
Ша реза ма хилир и гIалагIазакхи.
Вовшашна сихонца, тарраш а даьхна,
Шаьш чучча ма хьаьдир и дика ши кIанат.
Шаьшшиъ чучча кхачале, хьалха кор ва тоьхна,
Мохьтоьхна вистхилир и гIалагIазакхи:
— Дакъаза ма вала, Эвтархойн ва Ахьмад,
Ахь сема ладогIа, собаре ва хилий:
Кхеравели ала даций хьан, Эвтархойн Ахьмад,
Нагахь, хьан хьалха каяьлла, ахьа со ва вийча,
«ГIалагIазакхи вийна Эвтархойн Ахьмада», —
Аьлла дIадоьрзур ду, тамаша бийр бац хьох;

Нагахь сан каяьлла, сан карах хьо велча,
Махкахь цIе йоккхуш дика кIант хьо хилча,
«Цхьана гIалагIазакхичо вийна Эвтархойн Ахьмад»,—
Аьлла цIе южур ю хьан, Эвтархойн Ахьмад,
Дуьненан еа а маьIехь цIарна а цIе яхна
Дика кIант вара хьо, Эвтархойн Ахьмад.
Вайшинга ва хьовса вайшинна ва беза
Мехкарий бац кхузахь, бехк суна ма билла.
Хьоьга хьуьйсуш бацийца и нохчийн мехкарий,
Соьга хьоьжуш яцийца и гIалин ГIизларха.
Даггара тешаме доттагIаш хила вайша,
Майралла ва гайта меттигаш нислур ю,
Собаре хилахьа, Эвтархойн Ахьмад, —
Олуш лен ва ваьлча и гIалагIазакхи,
Ша реза ма хилира Эвтархойн Ахьмад.
Куьг лоцуш, вовшашна шаьш мараиккхина,
Доттагlаш ма хилир и дика ши кIанат.
Къамеле ва ваьлла, шерачу майданахь
Шаьш охьахиир, бах, и дика ши кIанат.

III

— Дийцахьа, цхьанделхьа, Эвтархойн Ахьмад,
Хьо Iачу юьртахь хьайн йоккху бакъ цIе,
Айхьа лелон ва гIуллакх, лууш дерг хьайна,
Олуш лен ва ваьлча и оьрсийн дика кIант,
ТIаккха лен ма велир Эвтархойн Ахьмад:
— Сан яккха тиллина цIе Эвтархойн Ахьмад ю,
Ас лелон гIуллакх ду гIалин ГIизларха ялор,
Лууш дерг ду суна и сайна ялор,
Сан дагна езна-кха и гIалин ГIизларха,
ЯгIахь, йига лаьа суна и гIалин ГIизларха.
— ГIизларха йолчхула тIехволуш вара со,
Расхачу сайн динахь тIехволуш со гина,
ГIодаюккъец араяьлла тIаьхьа хьаьжира и суна,
И тIаьхьа хьажарах, юхаверза дола хетта,

Со кхуза ма кхечи, Эвтархойн Ахьмад.
Вайший а и езаш хилча, и, суна ца ялош,
Ялор ю вай хьуна, Эвтархойн Ахьмад.
ХьалагIатта, хIай Ахьмад, кечбелахь хьайн гила,
Ваха веза вайша йоккхачу гIали чу, —
Аьлла, ваха велира тешаме ши накъост,
Шаьш воьдуш ма кхечир и дика ши кIант
И гIалин ГIизларха ехачу цу кетIа,
Эвтархойн ва Ахьмад цу кетIахь витина,
Ша ваьлла вахар, тов, и оьрсийн жима кIант
И гIалин ГIизларха ехачу хIусаме.
Ша дийца велир, тов, и оьрсийн жима кIант
Цу гIалин ГIизлархе безамах лоьцуш.
ТIаккха лен велир, бах, Эвтархойн Ахьмад:
— Хьо хIунда хьевелла, хIай оьрсийн дика кIант?
И гIалин ГIизларха ялош, аравала цу чуьра!
Дуьхьал вистхилира и оьрсийн жима кIант:
— Дакъаза ма вала, Эвтархойн Ахьмад!
Сел сиха ца хуьлу йоIаца захало,
ЙоI реза ярца, бертахь дийцина,
ТIеерзо еза вай, собаре хилалахь,
ЙоI бертахь ца хилча, захало дац иза! —
Олуш, бос хаза ГIизларха эцна,
Ша аравелир, бах, и оьрсийн жима кIант.
И гIалин ГIизларха динан гоъ тIе хаийна,
ГIалеха велир, бах, тешамен ши накъост.
ТIаккха лен ма велир и оьрсийн жима кIант:
— Борз санна, майра ю хIара гIалин ГIизларха,
Ча санна, дера ю хIара гIалин ГIизларха,
Малх санна, хаза ю хIара гIалин ГIизларха;
Хьо санна ва кIентий сакъера ва боьлхуш,
Хьайн куьйгах и йоллалц сакъера ма гIолахь,
Хьо ара ва вийлахь, и хераер ю хьох;
Шу марша гIойла-кха, некъ дика хуьлда шун,
Шуьшинна мел луу, шу цхьаьна дехийла
Безамца маьрша, дог дика хилла!

Со волчу вогIур хьо луъучу хенахь,
Хьан дагах дог дустуш доттагIа со ву-кха,
Со виц ма велахь, Эвтархойн Ахьмад! —
Олуш, дIасакъаьстир, тов, и нийса накъостий.

* * *

Ма лалда вай, кIентий, вовшех безам ва байна,
Ма лалда вай, кIентий, вовшех тешам ва байна!

ХЬАЛА ХЬАЖАЛ, ЙИНА НАНА...

Хьала хьажал, йина нана:
Вайна доьлху мела догIа.
ДогIа санна, боьлху хьуна
Хьан йоьIан ши бIаьриг.

Охьа хьажал, йина нана:
ЭтIаш лаьтта Iаьржа латта.
Латта санна, этIа хьуна
Хьан йоьIан кийрара дог.

Со мамица йолчу хенахь,
Мама соьца йолчу хенахь,
Хи чохь ловзу чIара санна,
Ловзуш дара кийрара дог.

Со мамеха яьлчахьана,
Мама соьха яьлчахьана,
Хи кхачийна чIара санна,
Дала дуьйжи кийрара дог.

ХIокху Iуьйренийн беза бала,
ХIокху суъйренийн беза бала,
ХIокху дуьненан беза бала

Ахь бин суна, йина нана,
Вайша вовшех яьлла дела,
Ахь бин суна, йина нана.

ЦІЕСТАН КІУДАЛ ПХЬАЬРСАХ ТЕСНА...

ЦІестан кІудал пхьаьрсах тесна,
Йоьзан чами карахь ловзош,
Сарахь хи тІе яха яьлча,
ТІетеІаш ю шийла Іожалла.

Метта охьахаий-теша?
Корах ара хьажий-теша?
Даладейша дезна кІорни —
Дуьйцу дарий дагахь дериг.

Сан маргІал мотт саца боллу,
Сан бІаьргийн нур дан ма доллу;
Даладейша дезна кІорни —
Дуьйцу дарий дагахь дериг.

Сан бІаьргийн нур дайна даьлча,
Сан маргІал мотт сецна баьлча,
Ас хІун дора сайн кІорнеха,
Дагахь дериг дагахь сецча?

Хьан санна, сайн аьтто хилча,
Хьан санна, сайн таро хилча,
Молхий, дарбий дац-те, бохуш,
Хьуна гонах хьийза ярий.

ХІей боьду сийна кхокха,
Хьо бехийла эзар шарахь,
Хьуо кхиъначу хьаннашка гІой:
— Дезаш вовшех девли, — ала.

СУЬЙРАННА АС ЛАРВОРА ХЬО...

Суьйранна ас ларвора хьо,
Іуьйранна ас ларвора хьо,
Ларвора хьо хийла шарахь,
Ял йоцуш сатийси, Ахь, дог.

Машен йогІуш, хьо ца вогІу,
Кема догІуш, хьо ца вогІу,
ТІом чекхбаларх, хьо ца вогІу, —
Бале бели Германан тІом.

Сан нийсарой, сакъералуш,
Баха хевши, декъалхилла,
Царех хьега йити ахь со, —
Сайн кхолламна йоьлху гІийла.

Ма декалахь, хІай дилха дог, —
Ахь мел дукха сатийсарах,
Ахь дуьненчохь хьоьгур дац зовкх,
Декъалхилла, хьо хир дац токх.

Цхьа дехар ду сан дуьнене, —
Шун декхар ду и къобалдан, —
Кхин тІом дІа ца болабайта,
Безам хІаллак кхин ца байта.

БІАЬРГИЙН КХОЛАР ХІУН ДУ-ТЕША?.

БІаьргийн кхолар хІун ду-теша?
ДегІан эшар хІун ду-теша?

Шозза Дера хаац, йиша пана,
Со безамах ялар дацахь.

Цхьа бовха малх хьаьжира вайна,
Цо массо ша башабира,

Шозза Сан кийрара ша ца баший,—
И безамо биллина хилла.

Сийна стигла юргIа дина,
Iаьржа латта гIайба бина,

Шозза Кога акхаяьн ярий со,
Вай къаьстар дуй сайна хиънехь.

ВАША ВОЦЧУ ЙИШИН ЙИШ

Лекхачу попанна хьоькху мох ца оьшу —
Дикачу кIенташна олу дош ца оьшу.
Лекхачу попанна хьоькху мох ца оьшу —
Ваша воцчу йишина олу дош ца оьшу.
Цхьа йиша хиллера ваша воцуш кхоьллина,
Шена ваша ва хилча, сий хир дара шен, бохуш.
Стиглахь марха ва йоцуш мела догIа ца доьлху —
Ваша воцчу ва йишин кийрара дог дукха доьлху.
Сан нийса нийсархой дахарна тобелча,
Яхарха ма юьйхи, ва елла яла со.
ЦIеста кIудал ва эцна, со хи тIе ва яхча,
Шийла шовда ва даггал декъаза яй со-ма.
Цхьа кхокха хиллера тIам боцуш кхоьллина,
ТIам боцу кхокха бу ваша воцу ва йиша.
Цхьа ваша хиллера йиша йоцуш кхоьллина,
Шена йиша ва хилча, сий хир дара шен, бохуш,
Дуьненчохь йиша хилча, вехар вара ша, бохуш...

МЕХКАРИЙН ЗАБАРЕН ЙИШ

Де кхоьлина дара алий,
Хьо ца вогIуш ма висалахь, —
Де кхоьлина ца хилийта
Со малхаха кхетар ма ю.

Буьйса Iаьржа яра алий,
Хьо ца вогIуш ма висалахь, —
Буьйса Iаьржа ца хилийта
Со баттаха кхетар ма ю.

ДогIа доьлхуш дара алий,
Хьо ца вогIуш ма висалахь,—
ДогIане тIада хьо ца вайта
Ас кIайн йовлакх лоцур ма ду.

ВогIуш вайча, хазахеташ,
Воьдуш вайча, халахеташ,
Цхьа хан яра сакъералуш, —
Сакъераза делара вайша.

Хьо тхо долчу ма ца вогIу,
Тхо долу меттиг йити ахьа,
Хьайн хазаллех дозалла деш,
Суна кура ма вийлалахь.

Ас ца буьллу кIорнина бехк,
Билла йиш яц кIорнина бехк,
Буьйса Iаьржа хилла хир ю,
Ван ца ваьхьна, висна хир ву.

ТАХАНАЛЕРА КХОАЛГIА ДЕ ДУ...

Таханалера кхоалгIа де ду
Со сайн наха хьийзайо,

Тховсалера кхоалгIа буьйса ю
Со сайн наха тийжайо.
Цавезачуьнга маре гIо, бохуш,
Со сайн наха хIаллакйо.
Цавезачуьнца кхоллам бу, бохуш,
Со сайн наха елхайо.

ЗАЙНАПАНА ЛЕКХНА ЙИШ

ХIара суьйренаш бахьана долуш,
ХIара Iуьйренаш бахьана долуш,
И нехан нах бахьана долуш,
Долу, Зайнап, вайша вовшех.

Кху суьйрене ла ма дегIа,
Кху Iуьйрене ла ма дегIа,
Нехан нахе ла ма дегIа,
Хир ду, Зайнап, вайша вовшийн.

ХIара суьйренаш бсзам хеташ,
ХIара Iуьйренаш безам хеташ,
Вайша лаьттина шийла шовда
Вала воллу безам хеташ.

Цхьа суьйренаш яьхкира вайна,
Цхьа Iуьйренаш яьхкира вайна,
Ахьа соьга дагара дуьйцуш,
Аса хьоьга бала балхош.

ИРСЕЧУ ЗАМАНАН ГIУЛЧАШ

ДОГ МАЙРА АСЛАНБЕК

(А. Шериповна даьккхина илли)

Мукъам халкъан

Мокхазар бердашкахь
Букар дарц хьовзийча,
Буьрсачу мехаша
Ламанаш херцийча,
Кегийчу кIорнешка
Декъаза хьал хIоьттича,
Ша орцахделира
ТIам Iаьржа и леча.

Болатчу тIемашца
Хьоькху дарц дIадетташ,
Борзанан маIаршца
Бердех ша кадетташ,
Шен кегий и кIорнеш
ТIемаш кIел ийзаеш,
Ша орцахделира
ТIам Iаьржа и леча.

Нохч-ГIалгIайн ва махкахь
ДIаьвше цIе кхарстийча,
Къинхьегам къаьмнашка
Бале де хIоьттича,

---

[1] Кхузахь а, кхидIа а Б. Сулеймановс шен иллийн мукъамаш халкъан мукъамийн буха тIехь ша нисбина.

Шортачу хьан кийрахь
Революци кхехкара,
ПаргIато шен марахь
ЦIен байракх къегара.

Дог майра Асланбек
Ша юккъе иккхича,
Болатчу шен герзех
Кадетта и ваьлча,
МостагIийн эскарех
Коржамаш цо яьхча,
Йоьхна дIаяхара
КIайчеран и гIера.

Хьан майра дог Iовжош
Тхан эгна ва дегнаш, —
Хилла дац уьш осал:
Хьан некъ чекхбоккхуш,
Хьан метта Компарте
Накъостий хIуьттуш,
Хьоладай этира,
ЦIен байракх ойуш.

Хьо шен дуьхьа веллачу
Революцин къийсамехь,
Буькъа кIур гIиттинчу
Цу халчу тIам тIехь,
Белхалой, ахархой
ЦIий Iанош ма белла,
Турпала хьуьнархой
МостагIел ма тоьлла.

ХIетахь цIий хуьйдинчу
Кавказан лаьмнашкахь,
Боданехь лаьттинчу
Цу халчу Iаннашкахь,

Компартин хьуьнарца
Социализм хIоьтти,
Йохьаллин бартаца
Стахановцаш гIитти.

КЪОНАХЕХ КЪОНАХА

(Ханпашех лаьцна илли)

Мукъам халкъан

Аренан эрзалахь кIезийн бен боьхча,
Татолийн гечошкахь барзо кадетта.
Ламанан хотешкахь кIорнина тоьхча,
Дарлой, и лам бекош, лоьмо мохьбетта.

Стигланаш йоьлхур ю, латтанаш лелхар ду —
Халкъан кIант херлур вац гергарчу халкъах.
ТIома а валийта, лаьттах а волийта —
МостагI вай вуьтур вац хьомечу вайн махка.

Мерза ду халкъана, маршонна летта,
Шен цIий а Iанийна, шен латта хьандар.
Сийлахь ду, халкъана тешаме хилла,
Цуьнан дуьхьа воьрзу каш цкъа а цакъандар.

Сийлаллин майралла, къонахийн дегнаш
Заманан хьелаша билгалдо, къестош.
Лаьмнашха лаьтта уьш, даима къегаш,
Кхоьллинчу цу халкъо даима шаьш хестош.

Къомана сийлахь ду къонаха къастар,
Дикчу ден дог доьлу, дика кIант кхиъча.
Тайпанна томмагI ду кIанта юкъ ястар,
Южуш ю стеган цIе, атта некъ лиъча.

Хьенан каш хир дара къонахчун лулахь,
Яхь йоцчу гІалица гІаланаш хуьлучул.
Хьенан тур хин дара мостагІчун цІийлахь,
Кхелинчу доьхкарах кур текхош хуьлучул!

Замано литтинчу халкъан кІенташца
Турпала Ханпашин сирла цІе ели.
Даймехкан къаьмнаша Ханпаша хестош,
Довхачу даг тІера иллин аз дели.

Да-нана доккхаден, сий долуш хилла,
ДоттагІий резабан, яхь йолуш хилла,
Шен езар елаян, дог майра хилла,
Майрачех цхьаъ хили и жима Ханпаша.

И вара къонахех къонаха хилларг,
И вара сийлаллин сий довза ваьхнарг.
И вара оьзда дайн некъах цатилларг,
Ламанан турпалхойн цІерш дукха яьхнарг.

И вара буьрса тІом ловзарах тарлуш.
Іожалло куьг кховдош озалур воцург.
И вара, латтанаш лелхарх, ца къарлуш,
Керчинчу кхерамехь кхералун воцург.

МАЙН ХЬАЛХАРА ДЕ

Мукъам халкъан

Дуьненан белхалойн сийлахь деза де Май,
Къинхьегаман къаьмнашца цхьаьна даздо вай.
Массанхьа лепа цІен дарийн байракхаш,
ПаргІатонан, машаран хІоно лестош.

Советски эскарш болатчу цу низамца,
Хьан сийдеш, дІахІуьтту нуьцкъалчу герзашца.

МостагІийн кхерамах Даймохк шаьш ларбарца,
Хьоь маршалла цара хоьтту цІеначу дегнашца.

Белхалойн тобано толамаш совбоху,
Колхозхойн бахамо токхенаш ма йоху.
Советан кегийрхой ирсенга кхочу.
Марша да хьо тхуна, Майн хьалхар дезде!

Зуламе Іадаташ, кегдеш, дІатуьйсуш,
Вайн къоман зударша аз паргІат туьйсу.
Социализм хІотторхойн магІара хІуьттуш,
Май, хьоьга даггара маршалла хоьтту.

Дуьненан белхалойн онда ва тоба,
ХІара дуьне шун ницкъо рицкъанца кхобу,
Шуна тІехь куьйгал дан Компартин ницкъ кхочу,
Марша да хьо тхуна, Майн хьалхар дезде!

Хьо даздар кхачийла дуьненчохь массанхьа,
Вежараллин барт чІагІбеш машарехьа!
Хьан толаман байракх яржийна массанхьа,
Декъал хуьлда хьо, сийлахь тхан, Хьалхара май!

КІЕНТАН БЕЗАМ

Мукъам халкъан

Дакъаза ма яла сов сийна ши башмакх, —
Ша дага лаьцна, цкъа кога ца юьйхи.
Ма дала дакъаза, ва къорза гуьлмаьнда, —
Ша дага ва лаьцна, цкъа коьрта ца тилли.
Йочана яхъелча, ва суьйре цІийелча,
Сарахь ловза дуьйлу цІоькъалом ва санна,
Йинчу нанна хьалха хьо лелаш ва яйча,
Кийрара дилха дог ловза ма дуьйлу шен.

Акхтарган гаьн тІера цу сарахь суьйренца
Ижонна арадолу кІайн куьйра санна,
Маццалца лардер-те хьо йолчу дадин ков?
Хьох даллал ва даьхний шен гулделла даьлча,
Хьо дагаеана, ойлаян ваьлча,
Цхьана дийнахь делккъалц дайал ца хуьлу.
Бухахь тІеда ва йолуш, тІе дерза теІаш,
Хатт санна йолчу, йоьхначу буьйсанца,
Буьйсанна хан-зама яьллачу цу хенахь,
Шийла дарц хьийзочу цу хьуьнан ирзошкахь,
Цу шедан татанца олхазарш гІиттадеш,
Ша хьаьхна шедакхаж пІелгашца лоьцуш,
Шелделла куьйган пІелгаш Іаьнарс лоьцуш,
Буьйсано шелдина чал дера герзаш
ДІаэца ша аьлча, лалур дац ва хьоьга.
ГІели диллина цІеста и кІайн кІудал
Чилхьесан бухкаршца белшашкахь ловзош,
Малхал елаелла, баттал екхаелла,
Хи тІе ян, техкаш, ара хьо ва яьлча,
Хьайна дуьхьал ваьлла, хьайга йола аьлча,
Хьо аркъал ма сетта, ва пенан хаза йоІ,
Хьох болу мерза безам бан тигац шен.
Ца евза хьуна, ва пенан хаза йоІ,
Цхьа буьйса ядийна басаха талхаза,
ХІара дуьне даьсса ца дита кхоьллина,
Дуьпен чу яьхна и куйнан бакъонаш?

ДОЗАНХО

Мукъам халкъан

Сийлахь мохк ларбеш, сирла бІаьрг хьежош,
Шен сирчу динна оьзиг шед етташ,
Эскарехь лелаш хир ду сан кІорни,
Цу шедан татано дозан йист екош.

Советан Эскаре вахний иза-м,
Вайн доза лардан вахний иза-м,
Командир хилла вогІур вай и-ма,
КІорнига маре гІур йолуш яй со-м.
Хьалхе йиний-те хІара ойла —
Гуьйренан белхаш чекхбаьхна яьлча,
Мамца ца Іен йина ойла?
Эскарехь хилла, гІуллакх дина ваьлла,
Командир хилла, запасе ваьлла,
ЦІа вогІу, боху, сан хаза кІанат,
Ас йина ойла дика йина хилла.

БАБИН ХАЗА ЙОІ

Мукъам халкъан

БІаьстенан аренаш йолучу бацана
Сенъелла ма йогІу,
И гІийла ва баьрзнаш можачу зезаго
Хаздина ма догІу,
ДІахьаьжча вайна гун бухь лекха ламанаш
Таделла ма догІу.
Юккъе бахча, беттан са гІелдала ма дулу.
Кху беттан берхІитталгІа де дІадолуш ма доллу,
БерхІитталгІачу шера чу хьо юлуш ма лаьтта,
БерхІитта шарал тІехъяьлча, хьан зама дІайолу.
Ва тхуна хьо езаш,
Ва хьуна кхин везаш,
Тхо ледеш, Іехо дагахь хьо лелаш елахь,
Ца йиссал цамгар хьайн дегІах ва кхетта,
Іиллар ял хеташ, яьхначул дукха
Іуьллуш хан яккхаза хьан ялар ма хуьлда!
Ва хьуна тхо дезаш,
Ва тхуна кхин езаш,
Хьо леян, Іехо дагахь тхо лелаш делахь,

Эзар мохо кхоьхьу таьллан гІаш ва санна,
Болатан тарраша тхо ловзо дохийла!
Теркана биллина ша малхо башабо,
Герзаша йина чов лоьраша ерзайо —
Ахь кийрана бина ша башо тигац,
Ахь дагна йина чов ерза ма лац
Хьо йоцчуьнга, ва бабин хаза йоІ.
Лам тІехь догІа тоьхча, ирзе малх санна,
Наггахь гучу хьо яьлча, хьоьца сакъералуш,
Дакъаза ма яла хьо йина хьан нана.
Ницкъ бина шен дагна хьо езар марзоно.
Іехалац жима дог хьо йоцчохь, хаза йоІ.
Ма-дуьйццу ца хилахь, ва юха гІор яр хьо.
Ламанца лан доцуш дин мегаш бацара,
Безамца кхаъ боцуш дог мегаш дацара,
Мерзачу гІенаца дог карзахдаьккхинарг,
Ва самах цІа йолий, сапаргІатдаккхахьа.

«ДОГ МАЙРАЧУ» ЮНУСАН ИЛЛИ

Мукъам халкъан

Ва мачийн бахтарша некъан йист ва лоргуш,
Цу хечин когаша новкъа нуй ва хьоькхуш,
Мангалан гІоланах шен туьта оьллина,
Мангал хьакха вахар-кха «дог майра» ва Юнус.
Делккъалца мел хьаькхнарг шен юкъах йихкина,
Делкъал тІаьхьа мел хьаькхнарг мачаш чу йоьллина,
Воьлхуш, цІехьа веар-кха «дог майра» ва Юнус.
Харцахьай, бакъахьай ши чІама ша боьжна,
Селхана туьйсина жамбалат ворданах доьллина,
Ворданан милко «къарс» аьлчахь, «яаллахІ!» бохуш,
Старо «кхахь» ва аьлча, — «бехийла хьо!» бохуш.
ІандагІийн аннаш тІе ша аркъал ва ваьлла,
Дечге ваха велир, тов, «дог майра» Юнус.

Цу хьуьн чу гІорта барзаха ца ваьхьна,
Варшашкахь ша сецна, сема ла ва доьгІна,
Говран пІендарш санна долу и даккхий гараш,
Сихонца лахьийна, вордан тІе доьттина,
Мокхазар берд санна, и ворда къевлина,
Вордан тІе хиъча — охьакхетарна кхоьруш,
Юххе хІоьттича — тІехарцарна кхоьруш,
ТІехьа хІоьттича — барзо вахьарна кхоьруш,
Стеран юьхь лаьцча — маІа Іоттарна кхоьруш,
Хьакхин херсин санна болу, и къорза бІаьргаш,
Вордан чкъургаш санна, ша цІехьа керчабеш,
Веана цІа кхечир, тов, «дог майра» Юнус.
Цхьа чІама дІахецна, вожа дІахецаза,
Вахна чуиккхира, бах, «дог майра» ва Юнус.
Цхьа тас овкъарш юккъера дийна сискал,
Шен ка ма-йоллу, кхера схьаозийра цо,
Еттшурин бога хьалха озийра цо,
Чами кера эцна, велха хиира иза,
—ХІунда воьлху хьо? — аьлла шега хаьттича,
— Іайг жима карийна воьлху ша, — ва бохуш.
Лулахошкара леррина дехна деана,
Цхьа къохка и чоьлпа шен буйна доьллина,
Цхьа бога еттшура сов сиха йиъна,
И ваьлла вахар-кха цу хохийн ва хеса.
Цхьа хас ах хас хохаш сов чехка ша биъна,
Ваьлла вахара, тов, цу наьрсийн ва беша,
Цуьнан бІаьрг ма кхийтир цхьана торгІал оьпанах!
Мохь-цІогІа элира цо хІусаман нене:
Вайн наьрсаш юкъахь торгІал оьпа шена карий,
Чехка далахь селхана туьйсина жамбалат.
— Настарх лардай, оьпанна тохалахь, — аьлла,
ДІаделир цо чІогІа ирдина жамбалат.
Оьпанах лардина, настарах ва тоьхна,
Ша вала вуьйжир-кха дог майра и Юнус.
Ломахь лоьман ва санна, цІе йолу Юнус,
Гила берзан санна, ка долу ва Юнус,

Ирзешкахь лелаш кхиъна сира сай санна,
Оьзда кхиъна там болу, дог майра Юнус,
Хьан самукъадаккха нийсарчу мехкарша,
Хьо кхача ма ве ирс дайначу цу метте,
Хьо хIоттā ма ве-кха аьтто боцучу тIаме,
Барзал майра дог хьайн кийрахь сецадеш, —
Къахета шена хьох, чал дера ва Юнус,
Ва барзал майра ву, чал дера ву хьо,
Цхьогалал мекар ву, цу лоьмал чехка ву
Яхь йолу ва кIанат, дог майра и Юнус!
Цу хIордо ловзо цIеркема ва санна,
Дуьне ловзориг хьо веца, цхьанделхьа,
Ва хьоьца дика яра ненан хаза йоI.
Сирчу аьттан санна, сий долу ва Юнус,
ЦIечу аьттан санна, цIе йолу Юнус,
Ка хьокхуш йиллинчу шерачу цу цIенкъахь
Ира кIохцал даххал декъаза ва Юнус,
Ва сийна Терк доькъуш,
Хин чами ца кхаччал
Декъаза Юнус,
КIай доцу яй санна, хьо лело хала ву,
Чермойн дума санна, ширвелла воьду хьо,
Когийн чорпа санна, къахьвелла воьду хьо,
Да велла вариг!

НОХЧ-ГIАЛГIАЙЧОХЬ ХЬАЛХАРЧЕХ УДАРНИКАНА ГУЧИГОВ IАЛИНА

Мукъам халкъан

Деши, дети вайн колхоз ю,
Сийлахь парти беттан нур ду.
Сийлахь партис йиллина ю,
Малхо лепош вайн колхоз ю.

Деши, дети вайн бригад ю,
Сийлахь Iалис йиллина ю;
Сийлахь Iали беттан нур ду,
Малхо лепош вайн бригад ю.

Баттал хаза ду Советан Iедал, ла-ла-ла,
Малхал хаза ду Советан Iедал, ла-ла-ла.
Марша да, ала, ла-ла-ла,
Советан Iедал, ла-ла-ла.

ВЕЗАЧУ КIАНТАНА

Мукъам халкъан

Хьо-м сан ваций, ла-ла-ла,
Со-м хьан яций, ла-ла-ла,
КIайчу хьаж тIе дайн куьг хьоькхуш,
Кхобур яцахь, ла-ла-ла.

Хьом сан веций, ла-ла-ла,
Со-м хьан еций, ла-ла-ла, —
КIайчу хьаж тIе дайн куьг хьоькхуш,
Кхобур юй ахь? Ла-ла-ла.

Сийначу стиглора, Іаьржачу лаьттора,
Дукхавезаш, дагара дийцара ас кІорнега.
Сийначу стиглора, Іаьржачу лаьттора,
Мамеха йолийла, мамел дукха ца везахь.

ІЕЖИЙН БЕШАХЬ

Мукъам халкъан

Со йилхича, соьца доьлхуш,
Елаелча, соьца доьлуш,
Можа хьоза дара, мама,
Цу хьаннашкахь езар лоьхуш.

Со йилхича, соьца доьлхуш,
Елаелча, соьца доьлуш,
Тхешан лулахь кІорни дай сан-м
Са дуьтуш бен дуьтур доцуш.

ДегІана лекха волуш,
Басана хаза волуш...
Лулахь дехаш кІорни дай сан-м.
Сайн са дуьтуш бен дуьтур доцуш.

Вай, кІорни, делар вайша,
Жима кІорни, делар вайша,
Хьан эткийн бен тата доцуш,
Іежийн бешахь зезаг ловзош.

Вай, кІорни, делар вайша,
Жима кІорни, делар вайша,
Сан туфлийн бен тата доцуш,
Іежийн бешахь зезаг ловзош.

Вай, кІорни, делар вайша,
Жима кІорни, делар вайша
Ялсамани санна йолчу
Іежийн бешахь зезаг ловзош.

ДАЙМЕХКАН КОСТАШ

Мукъам В. Дагаевн

Шуьга ду маршалла, хьомсара накъостий,
Дехийла, ирс хуьлда, ІадъІелаш шу ховший,
Шун оьзда гІиллакхаш — Даймехкан безам бу.
Барт болуш гулдалар — сан дагна хаза ду.

ЦІеххьанчу орцано сихонца айвина,
Кхочуччу ницкъаца накъостал дан лиъна,
Даймехкан декхаро гІаттийна, вогІу со,
Шен дикчу кІенташка дІаала, боху цо:

Челакха ойланаш шен коьртехь сецаеш,
Чохь чІана эшийна шун дагна вас ца еш,
Массанхьа Іу хилла, шаьш хала кхиийна
И къена шайн дада тергалве, боху цо.

Хеназа самъюьйлуш, шун меттан мотт хуьйцуш,
Мерзачу набарна аганан гІожца туьйш,
Доьзалан хьашташа хеназа къежйина —
Хьомсара шайн нана йиц ма е, боху цо...

Де доьхна, Іаьржачу халоно хьовзийнчохь,
Мацалло бІарздина, гІелонна кІелдуьсчохь,
Бохамна, харцонна юьхь дуьхьал хІиттинчохь
Собарах, стогаллех ма довла, боху цо.

Хало тIехIоьттинчохь стогаллех хьо валахь,
Хьайн мехкан сий ларо ахь хьайн дог кхоадахь,
Хьомечу хьайн ненан юьхь-сибат ахь дицдахь,
Ша — Даймохк къинтIера бера бац, боху цо.

ЗАМА

Мукъам В. Дагаевн

Зама, ма сихло, сан зама,
Цхьажимма некъ бита суна,
Со дахарх Iаьбна вац хьуна,
Сан дисна дезарш ду хьуна:

Талланза шорта ю ареш,
Яздаза дисна ду иллеш,
Дагара хаийта кхоьруш,
Геннара кехатца езаш, —

Со безам лехна ву хьуна,
Сатуьйсуш къежвелла хьуна.
Хьоьгара собар а лоьхуш,
Со вогIу хьоьца де къуьйсуш...

Зама, ма сихло, сан зама,
Со тахна реза ву хьуна,
Дуьненна кур бетташ вогIург
Сийначу молханца вагош.

ХьагIца цIий Iенадеш вогIург
Готтачу лахьти чохь сецош,
Дажалийн даьIахкийн хIурца
Вайн латта беркатца хьекъош.

Ахь лоьху селхенна нийсо,
ГIелвинчун дог-ойла екхош;

Атта де халонца хуьйцу —
Хийла ден кура дог дегош...

Зама, ма сихло, сан зама,
Цхьажимма некъ бита суна.
Доггаха дош аьлла ваьлла вац,
Дуьненахь ас битна цхьа зил бац.

Со дахарх заз даккха кхиъна вац,
Езачух бIаьрг тоьхна ваьлла вац,
Ма-хетта барт аьлла, Iаьбна вац,
Даймехкан декхарха ваьлла вац.

И суна массарел а деза ду,—
ДIа ца луш кхалхарна кхоьруш ву,
Даймехкан сийлахьчу декхарна
Дуьненахь массо а деха вай.

ТIУЛГАША А ДУЬЙЦУ

Мукъам В. Дагаевн

Со лам чу вогIура кху ширчу новкъа,
Некъаца тидам беш, тIулгашка хьийжи.
Дай баьхна гIирсаш а, хилларг а довзош,
Цу тIулгийн тархаша шайн мотт а бийци.

Хьан бах хьо, сан Даймохк, яханчу хенахь,
Йоза а хьайн доцуш, бIарзбелла баьхна?
Къийсамо аьгначу хьан тIулган белшахь
Гуш ду-кха яздина сан дайшка кхаьчнарг...

Чевнаш дIайирзина, хIиттина моьнаш,
Уьш ду-кха хатI кIорга яздина йоза.
Ас йоьшу цуьнца хьан къайлаха чевнаш,
Эхь-бехк а, къийсам а — бIешерийн ойла.

ДIадахнарг моьнашца тIулгаша дуьйцуш,
Лерина ладоьгIча, аз хеза вайна...
ХIара ю дайн хилла ков-керташ, уьйтIе.
Замано таIийна кху тIехь и бала.

Йирзинчу хьан чевнийн лорах со вахча,
Го цIийца язйина хьан хIора агIо.
Ас лам чу мохь тоьхча, схьахеза аз а
Дуй-техьа айделла цIийн довха татол?

Замане ца лало шу саттош кагдан,
Салт санна хIоьттина, сан лекха лаьмнаш.
ДогIанна я яьсса гулъелла мархаш,
Четаршха хIиттина, шун белшехь лаьтта,

Къонахийн дог-ойла гулйина лаьмнаш,
Со вогIу шу хестош — дайн хилла чIагIо.
Хестадац ас лаьмнаш лекха ду, аьлла,
Лакхенца карош бац накъостан агIо...

Лермонтовн сирла дош аш кхиий, техкош;
Кхузахь сан хьехархо — сан хьоме Коста
Лелла, дарц айдина, паргIато хестош...
Цо кхузахь гулйина къонахчун ойла.

ПаргIато лоьхуш, уьш кхузахь бахарна,
Сийлахьа сан Даймохк, маршалла хьоьга.
Хьан халчу йозанца ойла гулъярна,
Лорур вай, накъостий, церан дош оьзда.

ШОВДАНЕ

Мукъам О. Ганаева

Сесанах тарделла,
Сов сиха лела хьо;

Хьан дато чуьппалгаш
Вовшашца къийсало.

Алахьа соь, шовда,
ХIун дайна дека хьо?
Сан сирла, хIай шовда,
ХIун ала гIерта хьо?

Ас хьуна гуо туьйсу,
И гаре сатуьйсуш,
Алахьа ахь соьга,
Ца яйра и хьуна?

Схьайийца ахь къайлеш:
И бац цо левзина ког?
Хьаъъна хьо кегадеш,
Ца дийци цо шен дог?

Шен хаза кIайн куьйгаш
Хьоьца цо дилирий?
Шен деган къайленаш
Цо хьоьга йийцирий?

Хьо, шовда, ма сихло,
Саз-латта ма айде...
Ца яькккхи хьоьга цо
Шен дагахь волчун цIе?

Сагатлуш, хьийза со,
Декалахь, сан шовда.
Ойлано гIелви со, —
Ваккха ахь со новкъа.

ПОНДАР

Мукъам халкъан

Ахь гIийла ойланаш
Суна тIе туьйсу,—
Шийлачу ойлано
Сан дагца къуьйсу.

Ма хьеде, ма дарде
Сан дог ахь, пондар!
Ахь ала, ахь айде
Сан илли, тодай.

Карзахаяькккхи ахь
Сан кхехка ойла —
Некъаха тилбелла,
ГIаддайна безам...

Хьо, буткъа сан мерза,
Дагна базбелла;
Алахьа, хIун дайна,
Стенах шекбаьлла?

Цкъа боьлхуш гIотту хьо,
Цкъа биэла хIутту.
Цкъа стигла болу хьо,
Цкъа лаьтта буссу.

Тоьур ду, сан мерз, хьо
Хиллачух белхар;
Ю хьуна вайн мехкан
Дог довха эшарш...

Ахь ала вайн илли
Керлачу дахарх,

Ирс долчу кхиамех,
Лаьттинчу къийсарх.

Езачун дагахь дерг
Ахь соь схьаала,
Цу мохан къайле а
Ахь сох ма яккха.

Кхокханан горга бIаьрг
ХIун дайна сецна?
ДIо попан сийна гIа
ХIун дуьйцуш леста?

Ахь, пондар, ас доьху,
Делийта мерзаш,
Хьаналчу белхан да
Хеставе, диэкаш!

Бекалахь, бекалахь,
Бекалахь, сан мерз!
Къийсамехь вайн толар
Дийцалахь ахь, мерз!

Аз айдеш, бекалахь,
Сакъоьруш, биэла:
Кхин кхерам вайна бац,
Вай паргIатдевлла.

Хьуьнаршца халкъ айдеш,
ГIатта, аз хаздеш,
Стиглара кху лаьтта
Боссалахь майрра.

ЧIЕГIАРДИГ

Мукъам халкъан

ЧIегIардиг, чIегIардиг,
хьо стенга доьдуш ду?
Бос хаза олхазар,
хьо хьенан хьаша ду?
Собарде, сих ма ло,
тIам шера олхазар,
Сан дехар-кост дIало,
дIаала хьайна гар.
ДIахьаьжча гуш болчу
Теболтан лома кIел
Къилбехьа лаьттачу
бовхачу малха кIел.
Бехаш бу сан безам,
со вицван дог долуш,
Ойланца хервина,
со дийна вац, бохуш.
Ахь цуьнга алалахь,
со дагахь латтаве,
Шен шира доттагIа —
де доьхча ма вицве.
ЧIегIардиг, чIегIардиг,
дерриг а хаалахь,
Езачун дагахь дерг
ма-дарра схьадалахь.

БЕЗАМ

Мукъам В. Дагаевн

Къоначу сайн дагца лерина хаьржина,
Хьо, безам, бара сан сайн дагна ларийна,

Эвлаха суо волуш, цIа вогIур ву, аьлла,
Хьо, безам, бити ас, битанза ца ваьлла.

ТIаьхьара алар:

Безам — ирсан гIад, сан дагца лелахьа,
Iожалло со шелвахь, иллица бекахьа.

Сох кхетар, нийсарой, шух езнарг, мел везнарг,
Суьйренца сагатлуш, безаме сатеснарг.
Алахьа, хьо вуй и безамах къаьстинарг,
Къастаро дог шелдеш, гIайгIано гIелвинарг?

ТIаьхьара алар.

Безамах къастаро хеназа къежвина,
И гаре сатуьйсуш, гIайгIано бIарзвина,
Сагатлуш, ладоьгIуш, ойлано гIелвина,
Алахьа ахь, безам, вай хIунда къастийна?

ТIаьхьара алар.

Шо-шаре мел дели сан безам къонлуш бу,
Ойлано гIелварах, безамо лелош ву,
Къоьжалло къанварах, дог къона долуш ву,
Безам а, къийсам а лелалур болуш ву.

ТIаьхьара алар.

Аларан пайда бац, сан шераш дIадахча,
Йоьдучу замано къоналлех ваькхича,
Дог шелдеш, бIаьрг гIелбеш, къеналла тIееъча,
Кхин даха дог доцуш, безамо со тесча.

ТIаьхьара алар.

ГРОЗНЕХ ИЛЛИ

Мукъам О. Фельцманан

КIезиг ца гина дуьненан гIаланаш
Исбаьхьа момсараш лепаеш,
Амма ца гина вайн Грозный саннарг,
Бошмийн эшарш тийнна екаеш.
Илли дало,
Илли дало,
Лаьттана го тийса!
Илли дало,
Кхайкхаделахь
Доккха ирс тхан гIалин!

Бошмийн дитташ шайн гIашца шабарш деш,
Соьлжан хин болар ду сихделла.
Исбаьхьа гIала ю даккхийдедеш,
Ирсан, доттагIаллин стом хилла.
Илли дало,
Илли дало,
Лаьттана го тийса!
Илли дало,
Декаделахь
Доккха ирс тхан гIалин!

Туьнкалгийн, вышканийн баххьаш стигла
Курра кхийда, хьо кхиар гойтуш.
Сийна суйнаш лелхаро ткъес детта,

Зоьртал хьан гIишлош керла гIуьттуш!
Илли дало,
Илли дало,
Лаьттана го тийса!
Илли дало,
Кхайкхаделахь
Доккха ирс тхан гIалин!

Мацца а, керчаш, маьркIажан бода,
ГIиндагIо хьулбечу ломара
Миллион седарчий ахь къагадо,
Сан хьомсара Грозный, сан гIала!
Илли дало,
Илли дало,
Лаьттана го тийса!
Илли дало,
Кхайкхаделахь
Доккха ирс тхан гIалин!

ЛЕНИНАН НОВКЪАХЬ

Мукъам I. Бексултанови

Вайнаха лайнийца инзаре баланаш,
Къар ца луш, карзахйийларх тулгIеш хийла.
Октябран бIаьстенца, сийлахьчу тхьамдано
Вай хьалхадехира цу Iазапийн лоллех.

Вайн хьоме ламанаш, беркате аренаш
Хазъелла тахана нур долчу малхехь.
Дуьненан Iаламан ерриге а хазнаш
Ю вайна Ленинан партис схьаелла.

Кхолламийн, Iилманийн лакхене некъаш бан
ГIовттийна вайн дегнаш партис сийлаллехь.
Вайн оьзда безам бу гIо деш ирсе некъ бан,
ГIо деш хIонс дебаян вайн мехкан хьолан.

Ду иштта тхьамдас Ленина хьехарна,
Ца лесташ цуьнан некъ вай барна,
Вайн Ленин вайн дегнашкахь даим хиларна,
Цалендолу ирс вай керадерзорна.

НЕФТЯНИКИЙН ИЛЛИ

Мукъам С. Димаевн

Іаьржа тІамарш тухий лаьттан бухахь,
Кхерсташ ду ирх Іаьржа вайн деши.
Цуьнан нур го советски ракетехь,
Муьлхха буьйсанаш а эшаеш.

ТІаьхьара алар:

Партис Іамийна вай кІад ца дала,
Промыслийн седарчий лепадан,
Іаннийн, лаьмнийн ерриг хазнаш талла,
Даймохк безар дагахь Іалашдан.

Коммунизман лакхене некъ бо вай,
Партин Программо тІема даьхна.
Хьоме Ленин веха дагахь, коьртехь вайн,
Даим тола цо вайна хьехна.

ТІаьхьара алар.

Оьрси, нохчо, гІалгІа ву нефть доккхуш,
Вайн нефтах диканийн зІаьнарш еш.
Парти, хьан илли дегнаша лоькхуш,
Хьан кІентий бу нефть доккхуш, болх беш!

ТІаьхьара алар.

АЙЗА

Мукъам халкъан

БІаьстенца аренгахь
Сенъелла йогІу,
Вайн стоьмийн бошмашкахь
Заздаьлла догІу,
Зезагашца
Кхелина вайн дуьне
Хазделла догІу.

Юткъачу шакаршца
Олхазарш дека,
Мехкарша тобанца
Хаза эшарш лоькху.
Суна, Айза,
Эшарийн серлонгахь
Хьан оза девза.

Калакойн Іаж санна,
Хьан йогу беснеш,
РегІан кока санна,
Хьан Іаьржа бІаьргаш
ХьалхахІуьттуш,
Делакъежа хьуна
Сан сирла бІаьргаш.

Баьццарчу бай тІехула
КІайн полла хьийза,

Хьоь безам, сан дагах
ДІахьерчаш, ловзу,
Хаза, Айза,
Вовшашка вайн бахча,
Безам бу мерза.

Ирс долчу Даймахкахь
Вай кхуьуш деца,
Вовшашца яхьдуьйлуш,
Вай болх бийр беца,
Йола, Айза,
Хьан безам, ницкъ гулбеш,
Сан гІоьнча беца.

Вайн партин маьлхан нур лепа,
Вайн махкахь даим бІаьсте ю,
Балхана куьйгаш каде ду,
Вайн дахар хаза ду,
Вайн халкъ ирс долуш ду,
Ва Айза, вай цхьаьна дехар ду.

МАЙЕ

Мукъам халкъан

Марша Іойла, марша Іойла! —
Вовшашна вай кхин гур дац,
Сох, хьох бехке муьлхарг хилла,
Хан яьлчий бен хуур дац.

Вовшех вайна бала хилла
Дикка зама яьлла хир,
Воьрзур вац со, некъах тилла, —
Туьха диинчо мийр ду хи.

Хьан, сан некъаш бен-бен хилла:
Іехавелла хилла со —

Адам ду со. Езарх сил а,
Сан некъах ца кхетта хьо.
Сан некъ — нехан ирс лехар бу.
Хьайниг — хьайн ирс бен кхин дац.
Иштта вехарг сан декхар ду
Сайха херван. Со бакъ вац?

Халкъан дуьхьа ша ца кхоо
Кавказо тхо кечдина,
Лайна оха хийла хало,
Кхин лан а тхо Іамийна.

Берийн бераш, даккхийхилча,
Даккхийдийр ду тхан некъах,
Ткъа ахь бохург ас деш хилча,
Вала дезар цу декъах.

Пана мехкаш, акха ардаш
Дерзош кара Даймохк бу,
Цу дерригенна куьйгалла деш,
Тхо Іамош ерг парти ю.

Хьоьца хилла сан ирс лойла;
Хьуна ца луъушехь, со
Декхар дала хІинца, Майя,
Воьду. Марша Іойла хьо!

Хьуна ала вониг дац сан,
Хилча, эр а дацара ас,
Со хьох къастар бехк хьайн бу хьан—
Мацца а ойла ер ю ахь!

ХЬО ХIУНДА ЦА ВОГIУ?

Мукъам Ш. Эдисултановн

Денош ма дIаоьху,
Хьо гучу ца волуш.
Буьйсанаш яхъелла,
Хьан къамел ца хезаш.
Сингаттам даг тIера
Суна бац дIаболуш,
Хьоменига, алахьа,
Хьо хIунда ца вогIу?

Набарха ма-елли,
Со коре хиира.
Батте ас хаьттира,
И хIун деш ву, аьлла.
Соьга схьахьаьжначу
Батто схьаэлира,
Цунна гуш даима
Хьан сурт ду, йоI, аьлла.

БIАЬСТЕ ЙОГIУ

Мукъам Ш. Эдисултановн

Алахьа, хIай сан дог,
Хьо хIунда деттало?

Хазачу кху дийнахь,
Ахь хьанна сагатдо?

Стиглара и мархаш
Набарха ма йовлу,
Дитташ тIехь кегий гIаш
Сенделла ма догIу.

Хин тулгIен хаза аз
Там беш ду, дог, хьуна.
Шийла ло лам тIера
Лахделла догIу-кха.

Седарчий буьйсанна
Сов генахь ма лепа,
Нур зIаьнарш Iуьйренца,
Малхаца ма къега.

ДОГ ДОХДЕН ЦIЕ

Мукъам В. Дагаевн

Іаьржа буьйса! Буьрса буьйса!
Дарцо левси кхийсайо.
Дино лергаш дуьхьал туьйсу...
Халчу новкъа вогIу со.

Сан бора дин ма кIайбелла —
Дарцо тIе кIур биллина.
Ломахь тхойша нскъах тилла —
ХIусмах ас догдиллина.

Цецах санна, гIиттош верта,
Сох чекхбуьйлу шийла мох.
Тхойшиннех шен пхьор дан гIерташ,
Барзо бIаьргаш къегабо.

Сан дин, сой — шиъ дарцо гIорош,
Шело даге кхийдайо.
Хьеше кхойкхуш, цхьаннан-м корехь
ГIийла серло еттало...

«ХIей нах!» — олий, ас мохьтуху.
Корехь серлаболу чиркх.
Вевзаш вацарх, ломахь наха
Даим хьаша оьцу чу...

«Беркат шорта хуьлда хьоьца!
Воссал динара, хьаша, хьо!» —
Олуш, ондда луьйта лоций,
ХIусамдас со воссаво.

«Дела ва хьо могуш-маьрша!
Ма гIелвелла хир ву-кх хьо!
Кху тхан тишчу хIусмах вашахь,
Даккхахьа тхоьца дийнна шо!» —

Олий, йоьлуш, дуьхьалйогIу
Нохчийн сийлахь цIеннана.
Шарахь цаьрца Іан догдогIу,
Ваха деззашехь сан кхана.

Сох ца къаьсташ, баьрчче болий,
Чухула хьаьвза дорцан кIур.
«Хьаша веъна вайга!» — олий,
Набарх гIотту берийн сур...

Божлахь сан дин паргIатбаьлла,
ХIинцца паргIатвер ву со.
Кхача кечбеш, марсаяьлла,
Пешахь кхерсташ хир ю цIе...

Вайн кхерчарчу цIарочул а
Хьаша вохвеш, йовхо луш
Ю вайнехан комаьршалла,
Ду вайнехан оьзда дош!

МАШАРАН КХОКХА

Мукъам авторан

Іуьйранна и бекаш бу: «Кху-кху! Кху-кху!
Суьйранна и бекаш бу: «Кху- кху! Кху-кху!»

ГIоттий, и сан коре богIу.
Шена кор дIаделла, боху.
Шена кор дIаделла, боху: «Кху-кху! Кху-кху!»

Чубола, сан хьоме кхокха! «Кху-кху! Кху-кху!»
Дийца соьга, стенна кхойкху. «Кху-кху! «Кху-кху!»
ЧубогIу и, тIема болий,
Охьхуу, сан белш тIе болий.
Охьхуу, сан белш тIе болий: «Кху-кху! Кху-кху!»

— Ялташ лаьтта, кан базбелла: «Кху-кху! Кху-кху!»
Заздаькхкхина бошмаш евлла: «Кху-кху! Кху-кху!»
Вайн бераш ду ловзуш, доьлуш,
Шайн ирсо сов даккхийдедеш,
Шайн ирсо сов даккхийдедеш: «Кху-кху! Кху-кху!»

ГIоттий, кхокха араболу: «Кху-кху! Кху-кху!»
— Марша Iойла! — соьга олу: «Кху-кху! Кху-кху!»
— Марша гIойла, машаран кхокха!
Марша лела, машар кхайкхош!
Марша лела, машар кхайкхош! «Кху-кху! Кху-кху!»

Герзаш ахь дIадаха, ала! «Кху-кху! Кху-кху!»
Хьаштийн гIирсаш совбиэ, ала! «Кху-кху! Кху-кху!»
Ала, стигла екхна йита!
Ала, маьрша вай дахийта!
Ала, маьрша вай дахийта! «Кху-кху! Кху-кху!»

— Марша гIойла, машаран кхокха!
Марша лела, машар кхайкхош!
Марша лела, машар кхайкхош! «Кху-кху! Кху-кху!»

БАТТО САГАТДО

Мукъам В. Дагаевн

Орцан дукъах дато маIаш
Туьйсуш, батто сагатдо.
ЦIестан кIудал нохчийн йоIа
Шовдана кIел сецайо.

Хета, баттах схьаIийдалуш,
КIудал юзу шовдано.
Нур-зIаьнаршца безам муьйлу,
ЙоIах хьерчаш, цу батто.

КIудал юьзна... Iанаоьху
БIаьрхих терра дато хиш.
Ткъа, йоI гичи, дог а лехий,
Нохчийн кIанта лоькху йиш:

«ЙоI, хин чами кховдабехьа,
Чохь беттан нур даржадай!
Ткъа, беттан нур ца лахь айхьа,
БIаьргийн нур ло суна хьайн!

Маржа! ХIинцца доцу кема,
Ткъесах гIатта космосе.
Маршал хоттуш, даржо тIемаш
Хьол генарчу седане!

Лоцур дар-кха стелахаьштиг,
Стиглахь кхарсто сийна цIе,

Стиглан дари цIарца дагош,
Хьан цIе язъян цунна тIе!

Йо!! Хин чами кховдабехьа,
Чохь беттан нур даржадай!
Ткъа, беттан нур ца лахь айхьа,
БIаьргийн нур ло суна хьайн!»

ХЬО ЯРЕ САТУЬЙСУ

Мукъам В. Дагаевн

Меллаша малх хьулло, суьйре тIеюлу.
Лаьтта со, генарчу хьох ойла йоьзна.
Хьоь кхойкхуш, лам бекош, ас илли олу,
Хьо яре сатуьйсуш, сайн илли хезна.

Дитташ тIехь олхазарш, вовшийн тIедоьхуш,
Декаш ду тайп-тайпана эшаршка дуьйлуш.
Ламанца сира сай, гIелашка гIергIаш,
Буьйсанан беттасехь ирзешка буьйлу...

Хьуо елахь сан безам шеконе боьхкуш,
Ца лечкъош, хьоменига, схьаала соьга:
Хьо тешо ас Баш-Лам хадор бу, охкуш!
Сатуьйсуш хьоьжур ву валлалца хьоьга!

Тоьшална хIоттор ю ас хийла буьйса.
Хьо бахьанехь мел йина карзахе ойла.
Стиглара седарчий, вайшинга хьуьйсу,
Кхирстина некъаш а, хьоьжуш хьо гойла!

Дуьненах лечкъийна сайн бIаьрхиш дайна
Беттаса доьхур ду тоьшална сайна.

Къайллаха ас шаьшка безам балхийна
Зезагаш деха ахь тоьшална хьайна!

Сарахь, хьо хIуьттучу шовдане волий,
Цу чохь хьан сурт гойла хьоьжу со сайна.
Буьйсанна беттасих цкъа дагаволий,
Ялхайо ас гIайгIа, хьо бахьнехь лайна!

Меллаша малх хьулло, буьйса тIеюлу.
Лаьтта со, генарчу хьох ойла йоьзна.
Хьоь кхойкхуш, лам бекош, ас илли олу,
Хьо яре сатуьйсуш, сайн илли хезна.

ЙИЦЪЕ МА АЛА

Мукъам В. Дагаевн

Бовхачу безамца хьайга дог кхийдош,
Хьо ца гуш дахна де кхоьлина хеташ,
Мацалла, хьогалла хьо йолчохь йицлуш,
Хьуо езначуьнга ахь йицъе ма ала.

ХIара дуьне дита а хир ву со реза.
Амма сайн кийрара мел долу оза,
Самах а, гIенах а сайна хьо езар
Делхадеш, вехар ву. Йицъе ма ала!

Сан иллех, ойланех хьо ма ца кхийти,
Догтаха езарна, со хийра хийти.
Шелделла тIулган дог ахь суна гайти.
Сан безам, хьуо йицъе ма ала соьга.

Сан кийра йижий ахь и Iаьржа буьйса,
Вити ахь со хьайга къайлах сатийса.
Вайшиннан а метта хьо ехийла гIоза!
Сан безам, хьуо йицъе ма ала соьга.

Валлалца хьо йицъян хир вац со реза.
Вайшиннан а метта хьо ехийла гІоза!
Самах а, гІенах а хьо сайна езар
Делхадеш, вехар ву. Йицъе ма ала!

ХЬО МАРША ІОЙЛА

Мукъам В. Дагаевн

Диц ма де: хьо хир ю сан деган эла.
Со воьду, валлалца хьо йоцчохь лела.
Хьайн делахь, дог хьостуш, тІаьххьара дош ала...
Вай вовшийн кхин гур дац. Хьо марша Іойла!

Бешара мох тийна, декаш ду хьоза,
Хастам беш, йиллинчу хене хьо ярна.
Стиглара седарчий, нур лепош, кхозу:
Вайшинна айкхдовлахь, эхь деца царна!

Буьйсанна серло лун беттаса санна,
Хьо яр-кха сан серло ерриг а ханна.
Сан деган беттаса ца кхета дуьзнехь,
Сан йоьхна дог-ойла хуур-те хьанна?

Дешица хи доккхуш, говзачу пхьеро
Дети тІехь диллина беттан сурт санна,
Сан даг тІехь язйина хьоме цІе хир ю
Дуьненчохь ас яккха йисинчу ханна.

Цкъа йоьлхуш, хьомениг, хьо коше яьлла,
Хьан бІаьрхи доьжначохь цІен зезаг даьлла,
Лахьти чохь велар-кх со, барза шарбелла,
Хьуна вицлур воцуш, далла вицвелла.

Диц ма де: хьо хир ю сан деган эла.
Со воьду валлалца хьо йоцчохь лела.
Хьайн делахь, дог хьостуш, довха дош ала...
Вай вовшийн кхин гур дац. Хьо марша Іойла!

ДУККХАВЕЗАЧУ КІАНТЕ

Мукъам халкъан

Хьан хабаро хьо хазвина,
Хьо везарна йогІу, аьлла,
Со Іехийча хьуна къа ду, —
Ма елхае, дукхавезарг!

Хьоьца доцург дуьне хьашт дац,
Хьоьца йоцург сан марзо яц,
Суна хьуо сел везаш хилча,—
Жоп лохьа ахь сан безамна.

Яхаран ирс хьоьца деза,
Хало, атто хьоьца еза,
Вайшиннен ас кхоллам лоьху,—
Ма хилахьа соьца къиза.

Малххий, буттий орцахдаьлла,
Стиглий, латтий доьлхийла-кха,
Безаман ницкъ хьоьга буьйцуш,
Сан даге гуьш хьовсийла-кха.

Дукха яха дог доуьйтуш,
Сан къахьега кайолуьйтуш,
Серло луш берг сан бІаьргашна
Хьан безам бу, дукха вахарг!

Вайн заманах марзо эцна,
Вайн къоналлех доккхадийна,
Ирсен дакъа хьоьца дезна
Сан дог ахьа ма делхаде!..

МАЬЛХАН БІАЬХО

(Советски Союзан Турпалхочун Магомед-Мирзоев Хаважин сийнна)

Мукъам В. Дагаевн

Малхбузехь, мохк бегош, буърса тІом баьлча,
Дей, буьйсий вовшашца къовсаме даьлча,
Нохчийн кІант Хаважи, маьлхан зІе хилла,
Маса дІакхечира, дог догуш сирла.

МостагІийн аренаш хІоьънашца охуш,
Де толош, буьйсанах кийсигаш йохуш,
Маьлхан бІо боданах летачохь вайра,
Ткъес буйнахь тІелеташ, мартанхо майра!

МостагІех цІе туьйсуш, де серладоккхуш,
Фашистийн гІеранаш махкара лохкуш,
И йовссарш шен цІарца ницкъ кхочуш чахчо,
Вуьйжира цу тІамехь дог майра нохчо.

Хьоме кІант хеназа велла ву, алий,
Елха ма елхалахь, Хаважин нана!
И велла вац хьуна: малх мел бу кхеташ,
Хаважин са деца малхаца лепаш!

Шу а гІел ма лолош, Хаважин вежарий,
Вешин аз кхин шайна хезар дац, алий:
Цу Мартан тулгІешца, вайн берийн аьзнашца
Хьоме аз ду хезаш, даима декарца.

Іуьйренца гІоттучу цу маьлхан зІаьнаршца
Вайн коре схьахІутту Хаважин сирла са:
Халкъана делла са, малхах дІаийна,
Даима ма догу Даймехкан сийнна.

ЦАВЕВЗАЧУ САЛТИЧУН КАШ

Мукъам Ш. Эдисултановн

Цхьанна а цІе а ца евза.
ТІехь Іуьллу тІемлочун таж.
ХІара ду-кх и дуьненна девза
Цавевзачу салтичун каш.

Алахьа, хьо мила хилла?
Хьан муха хилла-те сурт?
Ахь мичхьа йитина Іилла
Махкана хьо велла юрт?

Я хилла и йоккха гІала?..
Ойлаеш, тІехь лаьтта со.
Ницкъ хьенан хир бара ала,
Мичхьара схьаваьлла хьо?

Хилла-те хьо цхьаъ бен воцу
Хьайн ненан хьомсара воІ?
ХІинца а хьо дагалоцуш
Юй-техьа хьо везна йоІ?

ТІаьххьара, хьо лечу хенахь,
ХІун дагалаьцнера ахь?
Я юьхь дагаеара ненан?
Я луьрчу атакин къахь?

Хаац, хьо мича къомах ваьлла,
Хьо мичхьа ваькхина салт.

Амма хьо билггала хилла
Даймехкан хьанала кIант!

И коьрта, и доккха лоруш,
Йогуш ю хьан сийнна цIе.
Цу цIарца, яйалур йоцуш,
Къаьсташ ю салтичун цIе!

ОЬРСИЙН АРЕ

Мукъам В. Дагаевн

Оьрсийн аре, оьрсийн аре —
Доза доцуш шуьйра ю:
Цкъа хьо шайна яйначара
Олу хьуна — туьйра ду!

Оьрсийн аре, оьрсийн аре,
Хьо евзина вацара.
Цкъа мукъна суо кхуза варе
Хийла ас сатийсира.

Оьрсийн аре, оьрсийн аре —
Ю цхьанхьа а йоцуш йист.
Лепа стиглан сийна дари,
Яй-й дIауьду анайист.

Оьрсийн аре, оьрсийн аре,
Ю хьайн иллех тера хьо.
Оьрсийн эшарш лоькхучара
Эрна хьо ца хестайо.

Оьрсийн аре, оьрсийн аре,
Тера ю хьо къомах хьайн:
Хьан къам довза луучара
Хьох бIаьрг тоха беза шайн.

Ю, дог Iабош, оьрсийн аре,
Хьайн халкъ санна, шуьйра хьо!
Ахь и кхоьллина дацахьара,
Цо а кхуллур яра хьо!

Оьрсийн аре, оьрсийн аре,
Дог сан ахь тIеийзадо:
Хьо дог цIандеш яцахьара,
Дагна езар яцара хьо.

Оьрсийн аре, оьрсийн аре,
Сан даго чухуьйди хьо.
Гуттар кхуза вухаваре
Са а туьйсуш, Iийр ву со!

• • •

Мукъам С. Димаевн

Ламанан маса хи делхьара со —
Стиглара маьлхан хIоз тулгIешца хоьхкуш,
Хьалхара и чхьарнаш, дой санна, лоьхкуш,
Дуьхьалара и тархаш сайн гIадца йоькъуш,
Ма хецца, шуьйрра оьхур дара со!

Аренан шуьйра хи делхьара со —
Бухара дашо гIум комаьрша йохуш,
ТIехула пепнийн чалх сацца нза кхоьхьуш,
Даима адмашна сайн беркат оьхьуш,
Ма шортта, сирла оьхур дара со!

Ткъа, нагахь сирла хи делхьара со —
Буьйсанан къегачех седарчий дохуш,
Уггаре хазачех зезагаш кхоьхьуш,
Даима, ца соцуш, мерза йиш лоькхуш,
Суо винчу юьрта оьхур дара со!

МЕЛ ХАЗА ЙИНА ХЬО!

Мукъам М. Айдамирован

Мел тайна йина хьо,
Мел хаза йина хьо!
Кхоьллинарг мила ву,
Сел говза ша хилла?
ХьаргIанан тIам санна,
Хьан Iаьржа и лепа
ЧIабанаш хьарчийнарг
Буьйса ю, бохийца.
КIайн дарин духаршца
Хьо йогIуш ва яйча,
Хьуна тIе теснараш
Мархаш ю, бохийца.
Адман ког кхачаза,
Аьрзун тIам ластаза
Долчу башлаьмнийн ло
Хьан юьхь тIехь лепийца.
Буьйсанан стиглара
Охьабоьжна ши седа,
БIаьргаш чу хьан боьжна,
Схьакъеда, бохийца.
Бухь лекха акхтаргаш,
Хьо ара ва яьлча,
Вовшашка кхаъ бохуш,
ДIастехка, бохийца.
И зевне олхазарш,
Хьан оза ва хезча,
ЦIеххьана, гIар йойий,
ДIатуьй, ма бохийца.
Гуьлмаьндин тIам ловзош
Хьо йогIуш ва яйча,
Хьоьга дIахьаьвссинчохь
Нах буьсу, бохийца.

Мел тайна йина хьо!
Мел хаза йина хьо!
Хьо йинарг мила ву,
Сел говза ша хилла?
Хьо ю, ма бохийца,
Iаламо адмашна
Гайта шен говзалла
Кхоьллина хазалла!

УГГАРЕ А ХАЗА ЗЕЗАГ

Мукъам С. Магомедовн

Дийхира ахь, лаха, аьлла,
Уггаре а хаза зезаг.
Уггаре а хаза зезаг
Лийхира ас, араваьлла.

Лехарх, суна ца карийра
Уггаре а хаза зезаг...
Ца карийча хаза зезаг,
ГIийла корта ас оллийра.

Ткъа, цIеххьана, хьо ма-гиннехь,
Суна дайра хаза зезаг:
Уггаре а хаза зезаг
Хьо ду, хьо ду кху дуьненахь!

Хууш вац-кха со, хьо йоцург,
Уггаре а хаза зезаг!
Хьуна дала дац кхин зезаг,
Дагчуьра сайн безам боцург!

Мукъам С. Димаевн

Мархаш дIатеттина,
ЦIеххьана къегина,
Схьакхетта беттаса санна,
Шаршу дIахилийна,
Чоь серлаяьккхина,
Сан кIорни, хьо доьлу хьанна?

Дахаран хIорда тIехь
Хьо идош халонех,
Ас хьоькху сайн деза пийсиг...
Хьайн нана йиц ца еш,
Даймахках воккхавеш,
Кхиалахь, сан деган кийсиг!

«Хьо муха кхуьур ву,
Кхиъча, хьох мила хир ву?» —
Хоьттуш, хьоь седарчий хьуьйсу.
Кхиъна хьо валаре,
Шайна тIе кхачаре
Цара а гуттар сатуьйсу.

Сан кIорни, сихлолахь,
Меттахь ма вахлолахь:
Дукха ду лаьтта тIехь хьашташ!
Хьо шайца хиларе,
Ахь шайна гIо даре
Хьоьжуш ду дуьненчохь адмаш!..

Дахаран хIорда тIехь
Хьо идош халонех,
Ас хьоькху сайн деза пийсиг.
Хьайн нана йиц ца еш,
Даймахках воккхавеш,
Кхиалахь, сан деган кийсиг!

ДИН БЕЛЛАЧУ ДОШЛОЧУН ИЛЛИ

(Дохтукаев Юсупе)

Мукъам халкъан

Хьан сих са хьарчийна массо а заманна,
Нанас шен бер санна, ас хьоме кхиийр хьо.
Мацаллех ларбина, гIиллакхехь Iамийна,
Тешаме сайн ваша хьо лоруш вара со.

ТIаьхьара алар:

Шийлачу Iожалло хьо
Хеназа баьккхира сох.
Хьан къина дог доьхна со
Висира, бекхам беш хьох.

МостагIчо вайх леш дан, паргIато йохийна,
Маьршачу вайн махка сийна цIе кхарстийча,
ДегIан цIий я хьайн са бацара кхоийна,
Сийлахьчу толаме халкъо чкъург карчийча.

ТIаьхьара алар.

МостагIчун бомбано декъаза де делла,
Хьан хьежар гIелделла, турпал дегI дегадеш,
Ден узарш, хьоькху ког... хьан кийра Iовжийча,
Хаьара сан дагна, весет дуй сайга деш.

ТIаьхьара алар:

ЧIир йоьккхуш герзаца наьIалтийн гIеранна,
Хийла ас вожийна, цIарца даш шех тоьхна.
Буьрсачу бекхамца вайн халкъо, дерина,
Фашизман и экха ца гIоттург дожийна.

ТIаьхьара алар.

Дуьненан цу халкъийн машаран боламехь,
Хьалхахьа догIучу вайн халкъан тулгIенехь,
Цу тIамо баьхьначийн, дахаран пусар деш,
Машаре кхайкхарца декалахь, сан илли!

ТIаьхьара алар.

ИТТ МИНОТ

Мукъам М. Айдамирован

Итт шарал яхло хьо, итт минот зама.
Езачо йиллина хан ларъя воьлча.
Атта дац безамна садетта Iама,
Езар тIехдаларна, дог хьегIа доьлча.

Йиллинчу хенал тIех итт минот яьлла...
Хьо лела некъ ларбеш, бIаьргаш гIелделла.
Сихалло дагийна, са карзахдаьлла,
ГIевттина ойланаш — кхиэл ян сихъелла.

Сан санна хьайн кийрахь дог а ца догуш,
Ларамза йижна-те ховхачу метта?
Я хийла хелхарехь ловзийна когаш
Хьо ялош бац-техьа йиллинчу метте?

Я собар доьхна сан, хьо ган сихвелла?
Я хьан дош доьхна-те, кхин везавелла?

ПаргIате хьайн болар сихдехьа, зама,
Дийцахьа, сатедеш: йогIуш юй Ама?

Итт шарал яхло хьо, итт минот зама,
Езачо йиллина хан ларья воьлча!
Эрна ду гIертар, дог, садетта Iама,
Цу ирсе со кхачо хьан лаам боьлча!

ПАРТИЗАНИЙН ИЛЛИ

Мукъам Крылатовн

Гена лаьмнел дехьа
Сайн нана йитина,
МостагIчун букъ тIехьа
Со тIаме хIоьттина.

Со вина сан нана,
КIант осал карийна,
ЮьхьIаьржахIоттарна
Кхера ма кхералахь.

Мангало буц санна,
МостагIий эгийна,
СадаIа со хиъчи,
Сагатло сайн нанна.

РегIах малх хьулбелла,
Арахь тIом гIелбелла,
Чов ехка со хиъчи,
Сагатло сайн нанна.

Луьра бу тIом, нана,
Вайн толам бац генахь,
Хьайга кехат хьелахь,
Йоха ма йохалахь.

МостагIийн догIмашна
Вайн махках каш дина,

Толамца сайн юьрта
Воьрзур ву со кестта.

ТЕРКА ЙИСТЕХЬ

Мукъам С. Магомедовн

Цу хьаннийн кIоргенехь мохь-цIогIа детташ,
Бос Iаьржаивертахьайнбелшахтесна,
Мокхазар и бердаш тулгIешца огуш,
ГIовгIанца кхочу Терк шерачу ара.

Хьо стенна уьду, Терк, садаIар доцуш,
Ахь стенна гIовгIа йо, дохк-махаш чехош?
Собарде, садаIа, сих ца луш хила,
Безамах догу шиъ кхеро ма гIерта.

Буьйсанна хIорамма садоIуш хуьлу,
Бена чохь олхазар набарна тевжа,
Буьйсанна мукъне а садоIуш хила,
Безамах догу шиъ кхеро ма гIерта.

Хьо карзах ма дийла, гIергIа ма гIергIа,
Вайшиннан можа дитт ша долччохь дита.
Сол тола ма гIерта, хьайн новкъа дIагIо.
Безамах догу шиъ кхеро ма гIерта.

Баркалла, баркалла, шуьйра Терк, хьуна,
Аренца сеттина суна тIедеъна,
Сийначу хи йисте цIен зезаг тесна,
Хьо новкъа даларна, кхин лар яр доцуш.

СИХ МА ЛО

Мукъам С. Магомедовн

Хаза ю ламанца бIаьсте,
Стиглахь батто нека до.
Ойла ю тоелла тховса,
Безам даг тIехь ийало.

ТIаьхьара алар:

Собардехьа, дIа ма гIо,
Сайн дагахь дерг дийцита.
Ши дош ала бакъо ло,
Еза, йола алийта.

Наб озийначу хи йистехь
Веза, йогIу ахь аьлча,
Кху лекхчу толлан IиндагIехь
Бехк буй сан йиш ас лекхча?!

ТIаьхьара алар.

ЛАЬА СУНА...

Мукъам В. Дагаевн

Лаьа суна массо Iуьйре
Маьлхан нуьрца йогийла.
Лаьа, лаьа хIора суьйре
Безам хьоьстуш йогIийла.

Лаьа суна, бIаьсте йолуш,
Бай тIехь бераш ловзийла,
Лаьа, езар йолчу вогIуш,
КIанта зезаг дохьийла.

Лаьа суна гамо, хьагI а
Наха шайх дIайоккхийла.
Лаьа, лаьа хIора стаг а
Ирсе, гIоза вехийла.

Лаьа суна, наьIалт тIамна
Кхайкош, массо гIоттийла,
Лаьа, халкъийн доттагIалла
Хестош, иллеш декийла.

НАСУХАНОВА ЛЯЛИНА

Мукъам Ш. Эдисултановн

ХIинццалц схьа лаьмнашкахь
Цкъа а ца хезна:
Нохчийн йоI — летчица —

Керла и ду.
Ткъа тахна, Ляля, хьо
Махкахь а евза,
Нохч-Гlалгlайн халкъан хьо
Дозалла ду.

Тlаьхьара алар:

Лела хьо, сан йиша,
Мархаш а цоьстуш,
Замане еттийта
Ирсехьа ног.
Даиман хуьлда хьо
Дахаро хьоьстуш,
Цкъа а гlел ма лойла
Хьан майра дог.

Ойлае, Ляля, ахь
Яханчу хенан, —
Iадатан боданехь
Ихна и дIа.
Iилманан серлоне
Кхача йиш хьенан
Хиллера? Я хIетахь
Хир ярий хьан?

Тlаьхьара алар.

Башхачу заманахь
Кхиъначу хьуна
Дахаро йиллина
Шуьйрра шен неI.
Халонех ца кхоьруш,
Къахьегначунна
Даима карош бу
Ша лоьху некъ.

Тlаьхьара алар.

Теша со, хьо санна
Мехкарий хийла
Хир бу вайн, космос а
Аш толлур ю.
Хир ду шу вайн халкъо
Лоруш сов сийлахь,
Iилманийн кIоргенаш
Аш йостур ю.

Тlаьхьара алар.

ОЛХАЗАР

Мукъам Ш. Эдисултановн

ХIора а Iуьйранна сан коре догIий,
Хьо хIунда дека, хIай хьоза?
Мерзачу набарха сов хьалхе воккхий,
Гlаттаво хьан хазчу озо.

Дийцахьа, кIажъоьхуш, доьлу хьо стенна,
Лоькху ахь зевне йиш хьанна?
Хьо хIунда хьийза кху сан коре денна,
Гергарло соь хьедеш санна?

Алахьа, сан жима доттагIа, хьоза,
Со хIунда воьху ахь ара?
Доллий хьо со Iамо, хьуо санна, говза
Бакъ илли, дог гIаттош, ала?

ХIора а Iуьйранна сан коре долий,
Декалахь, делалахь, хьоза:
Хьан зевне аз хезча, самукъадолий,
Сан кийрахь дог долу ловза!

БЕЗАМ КЪАН ЦА ЛО

Мукъам І. Шахбулатовн

Юха кхечи маьлхан зевне денош,
БІаьсте йоьлу, цунна воьлу со.
Хьо ма кхола, хила доггах тешаш:
Безам къежло, амма къан ца ло.

Вайша деха тена-генахь хІинца,
Морзахдаьхна некъийн чехкалло.
Безачара тешам ларбо щІийца, —
Безам къежло, амма къан ца ло.

ЦІенчу хІонехь ойланаш сайн луьтту,
ГІайгІа экхош, хьоьсту бІаьстено.
Хьуна эшарш цуьнга ас йохуьйту, —
Безам къежло, амма къан ца ло.

Къастар доцуш безарш цхьаьнакхетац,
Къастаро вай лиэра Іамадо.
Кхочур ву со, ахь сагатдан эшац, —
Безам къежло, амма къан ца ло.

Мукъам С. Яскаевн

Хьан аз лачкъо шовда гІерта,
БІаьргех хьоьгу седарчий.
Амма, доьху, цаьрца берта
Хьо ма гІолахь, — Іехорий?..

Шовдано шен зевне эшарш
Массарна а екайо,
Суьйренашца хийла кІентий
Шена тІе цо ийзабо.

Тжъа седарчий стигла-чилла
Суйнех лепо говза ду,
Безачарна церан хІилла
Тоххар дуьйна девзаш ду.

Лаац суна, лаац, кхетий,
Кхиверг хьоьга хьежийта,
«Алахь соьга, хьуна везий?» —
Бохуш безам бехийта.

Амма догу — я со тилла? —
Седарчий хьан бІаьргаш чохь,
Зевне оза, шовда хилла,
Цхьанна-м дека безамехь.

ШЕЛА

Мукъам О. Ганаевн

Лекхачу ломара
Лахенга лар яхьаш,
Сирлачу седанал
Сайн цIена дог дахьаш,
ДоттагIийн дегнашка,
Мехкарийн эшаршка
ЛадогIа веъна со
Безамна ийци ахь.

Шела — шера аре,
Хьосту хьо ас лоре,
Ю хьо лаьмнийн лулахь,
Даим дагна уллохь!

Стиглара седарчий
Суйнашна легалой,
Суыйренна мехкарийн
БIаьргаш чохь лепало;
Къоналло вахийнарг,
Ойлано вахийнарг,
Уьш лехьо волалой,
Безамо вагош го.

Шела — шера аре,
Хьайн мехкаршка алий,
И, ца хьийзош, хьаста,
Деллий ирсан хьоста!

Бетасен серлоно,
Йиц ма е, боху соь,
Яхь йолчу кIенташа
Йийцинарг иллешца;
Мехкарша эшаршца,
Мерзачу дешнашца
Хьо дагчу йижий сан
Дахарехь йиц ца ян.

Шела — шера аре,
Хьосту хьо ас лоре,
Ю хьо лаьмнийн лулахь,
Даим дагна уллохь!

САН ШУЬЙТА

Мукъам С. Цугаевн

Сан Шуьйта, сан Шуьйта,
Со вина нана,
Кхоьллина, техкийна,
Кхиийна ага,
Бовр буй-те хьоь болу
Сан безам цкъа а,
Гур вуй-те сайл дукхах
Хьо езарг цхьа а?

Хьан Орга даима
Сан даг чохь дека,
Хьан маьлхан зIаьнараш

БІаьргаш чохь лепа,
Хьан мохехь суо хета
Даима къона,
Сан Шуьйта, сел дукха
Еза хьо суна!

ГІел ца луш лела со,
Хьан лаьмнаш толлуш,
Хьоь болчу безамо
Некъаш а хьоьхуш.
Екхначу буьйсано
Суо хеташ хьоьстуш,
Ловзучу седано
Иллеш а бохуш.

Хьан лаьттан барз марахь
Барт бохуш, къуьйлуш, —
Хьох кхетта ду дагахь,
Хьоьсту ас хІинца,
Сан Шуьйта, сан Шуьйта,
Хир буй-те ницкъаш
Хьоь йолу сан ойла,
Безам а биц беш?!

ЛАМАНАН КІАНТ

Мукъам С. Цугаевн

Хьо вешшехь ламано
Дуьзна дог делларг,
Даточу шовдано
ДегІ лийчадинарг,
Бераллехь майралла
Аган чохь векнарг, —
Хьо вуй и, дозалло,
Нохчо кІант, аьлларг?

КІант кхиъча лаьмнашца,
Кхоъна ка белларг,
Ламанан агІонца
ДегІ дахчаделларг,
Яхь йоцург хьайн кийрахь
Лай вина ваьлларг, —
Хьо вуй и, дозалло,
Нохчо кІант, аьлларг?

АС ХЬО ЛОЬХУ

Мукъам С. Висаитовн

Мохо мархаш лоьхку,
Лаьмнех хьерчаш дохк ду,
Стиглахь лечкъа беттаса,
Кхолабелла го седа.
Къайлах доьлхуш,
Хьо лоьхуш дог сан ду.

Ас хьо лоьху буьйсанан боданца,
Ас хьо лоьху беттасин серлонца.
Ас хьо лоьху мархашца,
Ас хьо лоьху малхаца,
Ас хьо лоьху зезагийн техкарца!

Безамо тилийна
Сан дог хьох дІаийна.
Хьо ца гичахь со Іелац,
Хьо йоцчохь сан дуьне дац,
Алахь ахь, хьуо мичхьа ю, хьоменг.

Ас хьо лоьху ламанан некъашца,
Ас хьо лоьху шовданан некъашца,
Ас хьо лоьху бацаца,

Ас хьо лоьху бошмашца,
Ас хьо лоьху безаман лерашца!

Набаро Iехийна,
Адамаш дIатийна,
Со цхьаъ левац гIенаша,
Со цхьаъ гIелвац некъаша,
Суна-м хаьа, хьо сайна карор юй.

Ас хьо лоьху стигланан Iаьршашца,
Ас хьо лоьху Органан тулгIешца,
Ас хьо лоьху кхаъ дагахь,
Ас хьо лоьху сов генахь,
Суна-м хаьа, хьо сайна
Карор юй!

АГАНАН ИЛЛИ

Мукъам халкъан

Ма хаза ю буьйса,
Мела мох хьоькхуш,
Екхначу стигалахь
Седарчий ловзуш,
Корах чу, хьоьстуш хьо,
Ша серладолий,
Беттаса делало, —
ДIадижа, боли!

Ламанан басенца,
Мохаца техкаш,
Попано йийшийна
Шоршулан кIорнеш.
Мокхазчу берда тIехь
Йижийна кIорни,

Сема сай Iуьллу, бах, —
ДIадижа, боли!

ТIахъаьлла хир ву хьо,
ЦIоькъалом санна,
ГIиллакхе хир ву хьо,
Къонаха санна,
Къовсамехь хир ву хьо,
Дог майра нохчо, —
Алалай, болалай,
ДIадижа, боли!

ЕЗАЧУ ЙОІЕ

Мукъам І. Яхъяевн

Хьох дуьххьар бІаьрг кхстча,
Йистхуьлу хезча,
Хьан озе ладоьгІуш,
Хьийжира хьоьга.
Іаьржачу, эсалчу
БІаьргаша хазчу
Даг чу цІе йиллира,
Хьаьжча хьо соьга.

ТІаьхьара алар:

Безаман цу цІаро
Ботту сан кийра.
Наб яйна, гІуьтту со
Хан йоцчу хенахь.
Ткъа хьуна-м ца хаьа
Сан кийра богий,
Дарбанна хьайгара
Хьайн безам оьший.

Хьан деган къайленаш,
Ойланаш еша-м
Ца хаьа, хьан хазчу
БІаьргаш чу хьежарх.

Буй-техьа хьан даг чохь
Кхечуьнга безам?
Юй-те хьо хІинццалца
Къастоза везарг?

ТІаьхьара алар.

СУНА НИЦКЪ ЛОЛАХЬ

Мукъам Г. Салмановн

Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь:
Оьздалла, стогалла йийца,
Къонахой, турпалхой бийца,
Цаьрцанна ирсе тІулч тийса —
Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь.

Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь:
Массеран дегнашка кхача,
Харц эшо, нийса некъ лаца,
Халкъана, махкана ваца —
Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь.

Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь:
Иллешкахь йовзийта зама,
ХІаллакбан дог дохо бала,
Резаян сайн хьоме нана —
Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь.

Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь:
Дуьненан къайленаш йовза,
Нийсархой, доттагІий бовза,
Харцонаш эшаеш, къовса —
Даймохк, ахь суна ницкъ лолахь.

ІАЬРЖА БІАЬРГАШ

Мукъам халкъан

Іаьржа бІаьргаш, бехк ма билла,
Хьо шен хенахь ца йовзарна.
Воллура со хьох догдилла,
Амма йицлац тІех езарна.

Хийла хьоьга, сецна, хьоьжуш,
Шовданан йистехь ас ларйина.
Язйина байт хьуна йоьшуш,
ДІаихна хан даг чохь йисна.

Хьо йицйина, хьо дІатесна,
Кхечуьнан цІе ас йохур яц.
Хьо цхьаъ ю сан даг чохь ссцнарг,
Хьоьха ваьлча, дуьне эшац.

Стиглахь седа лепа баьлча,
Цуьнга даим хьо хоьттур ю.
Малх кхетта, де серладаьлча,
ТІекхачаре сатуьйсур ду.

Іаьржа бІаьргаш, букъ тІехь чІаба,
Хьан дайн болар со дезаш ву.
Нагахь санна хьоьха далахь,
ЦІергахь дага дог кийча ду.

Амма суна бехк ма билла
Хьо шен хенахь ца йовзарна.
Вицвина, сох дог ма дилла,
ТІекхочур ву тахана-кхана.

ЛОМАХЬ ГИРА СУНА И

Мукъам С. Магомедовн

Ломахь кхиъна зезаг дайна,
Сан дог аьрха тохаделла.
Безам бахна, юьхь-бос байна,
Кхин цагарна кхеравелла.

Хьоме зезаг, ала соьга,
Хьо кхин суна мичхьа тур ду?
Цхьа дош аьлла, хьаьжна хьоьга,
Дагар дийца со лууш ву.

Малх дIабуьзна, бода беъча,
Шун бешахь хьо ас ларйийр ю.
Синтем байна кIеза летча,
Со кхачаран билгало ю.

Араяла тIаккха сихха,
Хьо хьелахь, сан дог экхар ду.
Хьуо езарна бехк ма билла,
Ас тахханалц лехнарг хьо ю.

САТИЙСАР

Мукъам В. Дагаевн

Даима, лам санна, собаре хилла,
Безамо ца вуьтуш хоьха дог дилла,
Буьйсанна урамехь ладоьгIуш гIийла,
Сатийса кхоьллина хилла-те со?

Бай тIера додамаш пIелгаш тIе йохуш,
«Мичхьара далор ду ас нускал?» — бохуш,

Шуьгахьа уьш евдча, безамца вогуш,
Сатийса кхоьллина хилла-те со?

Сирлачу шовдано шегахьа ийзош,
Таьллаша сецделла гаьннаш тIетийжош,
Хьо лоьхуш, ойлано массанхьа хьийзош,
Сатийса кхоьллина хилла-те со?

Тийналлехь седарчийн хьаша а хилла,
Хьо йолчохь бIаьсте еш, йоцчохь еш чилла,
Безамо ца вуьтуш хьоьха дог дилла,
Сатийса кхоьллина хилла-те со?

ХЬУНА ЛААХЬ...

Мукъам І. Салмановн

Хьуна лаахь, дуьне мел ду къайллах
ДIагIур ву со шолгIа схьа ца ван.
Хьуна лаахь, зезаг хилла, бай тIехь
Техкар ву со, дахар хаздеш хьан.

Хьуна лаахь, сирла седа хилла,
Іаьржа буьйса мел а къегаеш,
Соцур ву со, лепаш сенчу стиглахь,
Хьо цхьаъ массо вонах лар а еш.

Хьуна лаахь, мелчу мохо санна,
КIажарш дIасалестор ю ас хьан.
Хьуна лаахь, маьлхан зIаьнаршцанна
Йохъеш, бийр бу дагна ас хьан там.

Хьуна лаахь, сох хир шера аре,
Я лам, я бух боцу сийна хIорд.
Нагахь йодахь, къайле йина, маре,
ТIулг а хилла, дуьсур ду сан дог.

СИЙНА СЕДА

Мукъам Ш. Эдисултановн

Буьйса йоьлла.
Мила лоьхуш,
Хаац, стенна лелаш ву.
Генна стиглахь,
Соьга хьоьжуш,
Лепаш сийна седа бу.

ЧIоб ду бешахь
Цхьаьнга кхойкхуш,
Диттан гаьн тIехь хиъна Iаш.
Ломан басе
Серлайохуш,
ЦIе ю йогуш, цхьаъ вохвеш.

Синтем байна,
Ваьлла лела,
Цхьанхьа тийна Iалац со.
Стигла хьаьжча,
Башха лепаш
Езаш йолчун сибат го.

Сирла седа,
Сийна седа,
Со дIатовжа витац ахь.
Стигла вала
Дац сан тIемаш.
Ала, соьга хIун де бах?

ГЕЧДЕЛАХЬ, НАНА

Мукъам В. Дагаевн

Сан нана, хьо стенна ойлане йоьжна?
Кийра хьан богу-те, гIалат сох доьжна?
Реза еш, со цIергахь вага ву кийча,
Дог а ду детталуш довхачу цIийца.

Амма го хеназа къежбелла корта,
Халонаш дахарехь лайна ахь шорта.
Нана, хьан дикалла кхачаяц, йийцарх,
Дешнашца ларавац безам хьоь бийца.

Хийла сох гIалатло йоьжна а хир ю,
БIаьргех хи даллал дог Iовжийна хир ду.
Делахь а, нана, сох къинхетам белахь,
Дийлинчу гIалатийн хьесап ма делахь.

ХЬОГАЛЛА

Мукъам М. Айдамирован

Хьогалла, хьогалла,
Хьо дагайоьхна,
Сан некхе кхерстина хьогалла
Ца лалуш, ца лалуш,
Сан собар доьхна, —
Со муха ваьхна-те хьо галлац?!

Сйиначу стиглахь ю
Сан ойла-кхокха,
Юх-юха хьуна го туьйсу цо.
Маршалла дIакхийдош
Хьоь сийлахь-доккха,
Довхачу ирсе сатуьйсу цо.

Ломахь сех гIертIариг
Сан деган аз ду,
Хьо лоьхуш, йоьхуш даьржина.
Iалам а, Iилма а
Ахь суна хазди, —
Ас хьо цхьаъ дуьнен чохь хаьржина.

ЦА ВОГIУ ХЬО

Мукъам халкъан

Йиц ца луш, хьо варе хьоьжуш,
Хьан дашах тешнера со;
Ца вогIуш, хьо гена воьду.
Эр дац ас хьоьга, ма гIо!

Волахьа, кхачахьа, бохуш
Дехарш дан ца йоллу со,
Дагана цхьа а вас йоцуш,
Сан безам хьайца дIахьо.

Хаалахь: тена дIакхаьчча,
Цо хьуна гIо дийра ду;
Хьан дуьхьа сататдеш йисча,
Суна а гIоле йийр ю.

Кхин дIа вай вовшех ца кхетахь,
Хьажалахь малхбале хьо:
Нур догуш цхьа серло лепахь,
Дагалоцуш хилалахь со.

ВЕЖАРИЙН ИЛЛИ

Мукъам С. Магомедовн

Веданан хьаннашка буьйлуш,
Шуьйтара шовданаш муьйлуш,
Тянь-Шанан лекхачу раьгІнех
Вайнаха шайн иллеш даьхна.

Казахаш, киргизаш, вежарий,
Марзонца вай цхьаьна даьхна,
Аш динчу хьошаллех лаьнца
Вайнаха шайн иллеш даьхна.

Сийначу Къоьзан-Іам чохь
Го тхуна шун кура лаьмнаш,
Хьийкъинчу вайнехан бешахь
Хеза шун акынан эшарш.

Вежарий, Кавказе дуьйла,
Вайнехан хІусаме дуьйла,
Кумысан меттана чагІар
Мер ду вай, тергарло чІагІдеш.

Мукъам Ш. Эдисултановн

Ламанан баххьашкахь дешица къега хьо,
Аьрцнашкахь пепнашца, бегаш беш, лепа хьо,
Шийлачу шовдан чу зІаьнаршца хьоьжу хьо,
Малхаца тІаьттина Кавказан Іуьйре.

Серлонца, машарца хьо йогІу яйча,
Кавказан ламанхойн сакъерало,
Олхазарш хьаннашкахь Іаламна делало,
Органан тулгІенийн дог ийало.

Лечанан тІам тесна, хьо йолу аренга,
Юьртахойн ялташа хьан сирла бос оьцу.
ПетІамат зезаг ду шен цІечу дарица
Ломара эсала хьоькху мох лоьцуш.

Беркате кхочу хьо белхалойн хІусаме,
Маршалла хоьтту ахь барт болчу доьзале,
Декъала хила хьо къоначийн безамехь,
Кавказан, Даймехкан ирс долу Іуьйре!

ХЬОЛ ХАЗА ЙОІ СУНА ЦА ГИНА

Мукъам І. Шахбулатовн

Суьйранна вайша ца тахь,
Суна хьан аз ца хазахь,
Тийналло хорам бина,
Лелар ву со буьйсанна.

ТІаьхьара алар:

Хьол хаза йоI
Суна ца гина,
Цхьана кIантана
Нанас ца йина.

Хьагвелла, шовда молуш,
Ца гур-те хьан сирла сурт?
Седано лепош стиглахь
Дуй-теша хьан бIаьргийн нур?

TIаьхьара алар.

Ламанца хьо лохур ю,
Стиглахь юй, со хьоьжур ву,
Дуьненна гуо баькхиша,
Хьо йолчу со кхочур ву.

TIаьхьара алар.

ХЬАН ДАГАРА ХИЪЧА...

Мукъам Р. Паскаевн

Мел йогIу буьйса кхоьлина йогIу,
Стиглара мархаш елхаеш,
Цхьа Iаьржа марха къилбехьа йолу,
Дуьненан гIийла ойлаеш.
Седарчий стиглахь гучу ца довлу,
Со шайна гушшехь хьо ларъеш,
Мел дехарх, маьлхан догIа ца догIу
Лозучу дагна гIоли еш.
Хьо йолчу агIор, мархаш зарзйина,
Кхета лаьар-кха беттаса.
Маржа яI! Тховса, хьан дагара хиъна,
ЦIа верза йиш елар-кха сан!

ХАЗА КХАЪ

Мукъам I. Шахбулатовн

Дийхира беттасе ас
Довзийтар хьомечун васт
Даим а сайн дагахь латто.
«Хьан безам хьох кхетар бу,
Уггар а дика йоI ю
Хьан езар», — элира батто.
Малхе а дийхира ас,
Довзийта хьомечун васт,
Лаьара сайн безам балхо.
«Хьан безам хьох кхетар бу,
Уггар а хазаниг ю
Хьан езар», — элира малхо.
Шовдане хаьттира ас,
Муха ду хьомечун аз,
И хаза хьоьгура чIогIа.
«Сайчул а сирла ду и,
TIетоха хIума дац кхин», —
Элира шовдано соьга.
Дерриг а хиллера бакъ,
Кхечира сов хаза кхаъ —
Хьо дуьхьалкхийтира суна.
Тахана ирсе ву со
Тахана соьца ю хьо,
Ас белла сайн безам хьуна!

ХИЙИСТЕХЬ

Мукъам І. Шахбулатовн

Тийна суьйре кхочу тІе
Хийца довха де.
Даим санна, мехкарий
Сихло хийисте.

Шовда хуьлу ирсан теш,
Къега бІаьргийн нур —
Бовха безам балхабеш
Оьзда кІентий бу.

Малхал, баттал хаза го
Суна хьоме цхьаъ.
Иза даг чу хьажаро
Бохьу сирла кхаъ.

Ара ваьлла, массанхьа
Дукха лехна и...
Тийна суьйре кхечи схьа,
Суна дели ирс!

ЙОЬІАН ЙИШ

Мукъам І. Шахбулатовн

Шен бІаьргаш бІаьстенца зезаго
Диллина, диллина.
Сан даг чу йоккха цІе безамо
Йиллина, йиллина.
Сан ирсан шовда хьан безам бу,
Хьомениг, хаалахь,
Дог цунна делла со реза ю,
Сатийса ницкъ ло ахь!

Безаман йиш тахна лоькху ас
Зевнечу озаца,
Ирсечу деган цІе йоькъу ас
Комаьрша хІоранца.
Іаламна сирла малх белало,
ХІора дог диллина.
Сан даг чу ирсан цІе безамо
Йиллина, йиллина.

МИЧХЬА Ю ХЬО, ХЬОМЕНИГ?

Мукъам І. Шахбулатовн

Тийна суьйре еъна тахна,
Ховха хьоькху мох...
Хаза цІераш хьуна тахка
Карзахдуьйлу дог,
Амма сайна хьо цагарна
ЧІогІа сагатдо,
Мичхьа ю-те, сан хьомениг, хьо?

Шайн иллешца хестош дахар,
Лела ирсе нах,
ЦІенчу стиглахь дашо чІара —
Лепа беттан ах...
Сан-м догдагІац вала ара —
Соьца бац сан малх.
Мичхьа ю-те, сан езийра, хьо?

Тахна хьо, сан некъан седа,
Соьца цхьаьна бац,
Ирсе хьоьца цхьаьнакхета
Ма сатуьйсу ас!
Сихло, йола сан дог тедан,
Хазийта хьайн аз —
Хьоьца воцуш суна дахар дац!

ИРС ДОЛЧУ ЛОМАХЬ

Мукъам халкъан

Вина лаьмнаш бIаьрга схьадайча,
Маьлхан дуьне делало суна.
И ирс сайна деллачу дайшна
Денна олуш баркалла ду сан.

ТIаьхьара алар:

Комаьрша кхели Iаламо,
Къондина цIеначу ойлано,
Замано серладехи шу,
Дай баьхна ламанаш.

Суна деза ламанийн некъаш,
Кийча ву со гIел ца луш кхерста.
Къона ойла дIауьду гена,
Евзаш йоцчу ирхешка теIа.

ТIаьхьара алар.

Сан некъ бекош эшарийн аьзнех,
Сенчу гIашлахь олхазарш дека.
Соьга теIош мехкарийн бIаьргаш,
Массо басца зезагаш лепа.

ТIаьхьара алар.

Со сайн лаьмнийн некъашца вогIуш,
Iалам санна, ойланаш хазлой,
Деган пхенаш эшаршка довлий,
Сийна ирхеш вовшеха кхойкху.

ТIаьхьара алар.

СОВЕТАН СТАГ

Мукъам А. Розенберган

Йовхачу цехашкахь лаьтташ,
Аренца кхиадеш ялта,
Сийлахьчу Даймехкан сийлахьчу лаьттахь
Вогlу хьо, советан стаг.

Дуьненан мехкашна гойтуш
Бакъдолу дахаран некъаш,
Къийсаме гIиттаеш адамийн ойла,
Вогlу хьо, советан стаг.

Маьрша куьг машарна кхийдош,
Къаьмнашца гергарло чIагIдеш,
Тоьшуьйтуш догIучу ирс долчу дийнах,
Вогlу хьо, советан стаг.

Iилманан кIоргене вуьйлуш,
Космосе дехкина некъаш,
Дуьненан халкъаша сийлалла юьйцуш,
Вогlу хьо, советан стаг.

МАЬЛХАН НОХЧИЙЧОЬ

Мукъам С. Магомедовн

ХIе-ей! Стигла кхийдаш, дешех лепа
Вина ламанаш,
Ялта кхиош, хIордах ловзу
Шера аренаш.

Генахь хилча со,
Герга воьхуш со,
Герга веъча, сан ирс хуьлу
Шера аренаш.

Маьлхан тIемаш хоьций, йогIу
Нохчийн Iуьйренаш,
Ойла хазъеш, аьхна кхочу
Сийна суьйренаш.

Генахь хилча со,
Герга воьхуш со,
Герга веъча, сан ирс хуьлу
Сийна суьйренаш.

Даймохк хазбеш, дахар тадеш
Кхечи заманаш.
Ирсо яьхна эшарш лоькхуш,
Дека ламанаш.

Генахь хилча со,
Герга воьхуш со,
Герга веъча, сан ирс хуьлий,
Дека ламанаш.

ХIе-е-ей! Зазца хьекъаш бIаьсте хили,
Сийлахь Даймохк, хьо,

Ахь кхиийна ирсан цIа ду
Маьлхан Нохчийчоь.

Генахь хилча со,
Герга воьхуш со.
Герга веъча, сан ирс хуьлу
Маьлхан Нохчийчоь.

ХЬАЛАГІОВТТА

(Советски Союзан Турпалхочунна Бейбулатов Ирбайханна)

Мукъам А. Авлургиевн

Ламанан хиш санна,
Денош уьду чехка,
Гена юьйлу цаьрца тІеман хан.
Амма вицлур вац хьо
Тхуна цкъа а,
Халкъан турпала воІ, Ирбайхан!

ТІаьхьара алар:

ХьалагІовтта, къонахчун
ЦІе йоккхуш!
ГІовтта хьала,
Турпал декъалвеш!
Цо лардинарг
Сийлахь гІуллакх хилла,
Иза бакъдеш
Зама ю вайн теш.

«Хьомечу махкехьа!
Суна тІаьхьа!» — бохуш,
Майра кІентий
Ахьа гІиттийна,
Лоьмал дера мостагІчух хьо летта,
Халкъан турпала воІ, Ирбайхан!

ТІаьхьара алар.

Таханлера маьрша, ирсе дахар
Тхоьца велара хьо,
Кхалош, кхехьа дІа,
Амма, хаьа цуьнан
Дуьхьа леттий,
Халкъан турпала воІ, Ирбайхан!

ТІаьхьара алар.

БІАЬСТЕ

Мукъам Р. Паскаевн

Олхазарш — бІаьстенан хьеший
Эшаршца юха а схьакхечи,
ЖовхІаршца аренаш жхели,
Набарха хьун самаели.

ТІаьхьара алар:

Безамо дог дина йийсар,
Йоккхае юха а сайн ирсах.
Хьомениг вогІур ву кестта,
Йиллина хан герга леста.

ХІаваъ ду эшарша декош,
Зезаг ду дуткъа гІад дегош.
Кхечи схьа исбаьхьа бІаьсте,
ЗІаьнаро некъ хишна баьсти.

ТІаьхьара алар.

ГІа-бецо кхелина латта,
КІайн заза бошмашкахь даьттІа,
Кечъелла гІала ю лаьтташ,
Ламанца хазъелла ярташ.

ТІаьхьара алар.

КЕГИЙРХОЙН ИЛЛИ

Мукъам Р. Паскаевн

Шуьйрачу гІулчаца, турпалчу боларца
Доьлху вай хьалхахьа дІа,
Доьлху вай ирсехьа, зовкхечу дахаре,
Кхин а хазчу кханенгахьа.

Кура сай иддачу акхачу хьаннашкахь
Исбаьхьа гІаланаш го,
ГІамаран есаллехь вайн халкъо йийгІинчу
Бошмаша бІаьрг белабо.

Дуьххьара космосехь лелла, цІа вирзинарг
Халкъан кІант—коммунист ву,
Ирс-машар кхайкхочу жІов-маьрсан
байракхца
Марса тІехь вайн вымпел ю.

Къийсамехь зеелларчу турпалчу партица
Толамаш бохуш вай ду,
Эзарнаш шерашкахь дайша сатийсина
Коммунизм вай хІоттор ю!

БЕЗАМАН ТУЛГІЕ

Мукъам І. Шахбулатовн

Маьлхо шен комаьрша зІаьнарш
Безамца кхийдайо лаьтте,
Лам тІера кІайн бІаьргаш къерзош,
Іа доьлху, хьовзийна гатте.

ТІаьхьара алар:

Безаман исбаьхьа тулгІе
Даг чохь сан карзахъели,
Керлачу, бовзазчу ницкъо
Хьо йолча со кхачави.

ЦІеххьана догІанан тІадам
Бесни тІехь хьуна хаало,
Даггара цунах там хилла,
Сан хазаниг, хьо елало.

ТІаьхьара алар.

ДогІийла бІаьстенан догІа,
Шатлакх деш, стигал екийла,
Вайшиннан вовшашка безам
БІаьстенца цхьаьна бехийла.

ТІаьхьара алар.

С. АЙСХАНОВ

ГУЬЙРЕ

Мукъам I. Шахбулатовн

Гуьйре, гуьйре, мокха гуьйре!
ТаьIина тIекхечи хьо.
Шийла суьйре, тийна суьйре,
Ойлане ахь ваькхи со.

Цхьалха девли бошмийн дитташ,
Мохо генаш лестадеш.
Хазац суна, шакарш етташ,
Олхазарша гIовгIа еш.

Дахкаро дIахьулди лаьмнаш,
ГIийла хьоьрсуш догIа ду.
ДIо аренгахь цхьа ша лаьтташ,
Бо-бер санна, акхтарг ду.

ЕЗАЧУ ЙОIЕ

Мукъам З. Чергизбиевн

«Хьан безам хьоьца бац», — аьлла
Накъостий бехкбаккха больча,
Дог Iийжа, хьомениг, хийла,
Безамах эша ша доьлча.

Ойланаш лекхало коьртехь.
Хьо цхьаъ ю сан даге хьаьжнарг.
Вицвин ахь къоначу дагехь
Жималлехь сов чIогIа везнарг.

Сан кийрахь синтем бац, аьлча,
Диканиг, хьо сох ца тешча,
Ца лезна хIун дер, ткъа, хазниг,
Буйннал бен доцчу сан даго?

«Хьан безам хьоьца бац», — аьлла
Накъостий бехкбаккха боьлча;
Дог Iийжа, хьомениг, хийла,
Безамал эша ша доьлча.

САН ДОГ ДУ ХЬАН ДАГЕ КХИЙДАШ

Мукъам Р. Паскаевн

Юха а буьйса ю, сов еха бьйса,
Седарчийн тхов кIелахь тийналла йижна,
Геннарчу стиглара, шен «хIусаме» босса,
Бутт а бу къоналлин болар сихдина.

Юха а буьйса ю. Хьомечу юьртахь
Хьо хир ю, со санна, наб яйна хьийзаш,
Безаман тулгIеша айдина кийрахь,
Хьайн дуткъа, хаза аз эшаршка доьрзуш.

Генахь а йоццушехь, даиман сайца
Хуьлийла лаьа хьо, куьг куьйгах тоьхна,
Халонах, ирсах а чам боккхуш хьоьца,
ДIаваха некъ хоьржу ас массо ханна.

Буьйсанан аьхналлехь могIанаш яздеш,
Сан дог ду йовхонца хьан даге кхийдаш, —
ДIаэца и йовхо, елла хьайн къайле,
Дохур ду, Зина, хьоь цо мерза кхаьънаш.

САН ИРСАН IУЬЙРЕ

Мукъам А. Розенберган

ГIуллакхна шаьш каде,
ГIиллакхна оьзда
Бу кIентий, мехкарий —
Заманан шовда.

ТIаьхьара алар:

Дай баьхна, со кхиъна
Сан Лаха-Невре,
Цара хьо хазйина,
Сан ирсан Iуьйре.

Терко шен хи мийлош,
Хьийкъина ялташ
Сан лаьттахь ду кхиош
Хьуьнаре адмаш.

ТIаьхьара алар.

Сирлачу дахарна,
Сан Лаха-Невре,
Шоръелахь токхенна
Беркате аре.

ТIаьхьара алар.

Совхозийн аренаш
Мерзачу кемсо,
Язйина дог Iабош
Къинхьегам хесто.

ТIаьхьара алар.

Д. КАГЕРМАНОВ

САН КАВКАЗ

Мукъам халкъан

Сан Кавказ, со вина
Турпалхойн нана!
Хьайн кIентан даггара
Салам дIаэца,
Хьо хазло даим а
Таханчул кхана,
Сан дахар, бакъ безам,
Ойла ю хьоьца.

Сан Кавказ, со вина
Турпалхойн нана!
Лермонтовс хестийнарг
Хьо ю безамца.
Цо башха дийцина
Хьан лаьмнаш къена
ХIинца тIех хазделла
Мехкан Iаламца.

Сан Кавказ, со вина
Турпалхойн нана!
Барт болуш деха хьан
Къаьмнаш вовшашца,
Хьан ярташ, ирс бахам
Гуш хилча шена,

Лермонтовс аз ойур

Сан Кавказ, со вина
Турпалхойн нана!
Ханпаша хьан кIант ву —
Вевзарг шен сийца.
Шерипов Асланбек
Ца вевза хьанна?!
Уьш бу уьш халкъан ирс
Даькхинарш цIийца!

Сан Кавказ, со вина
Турпалхойн нана!
Дукха бу бевзарш хьан
Сийлахьчу цIарца.
И саннарш кхиорна,
Наьртахо, хьуна
Баркалла, баркалла
Доггах сийдарца!

СЕДА

Мукъам I. Усмановн

I.

Шийла-шийла кхаьчна гуьйре
ОхIлано тIам байбале,
Тобанца шен йолчу уьйре
Доьхуш: «Со ирх айае!» —
ГIаргIулин цхьа кIорни жима
Лакхенийн бовзале мах,
Къилбехьа некъ буьрса хилла,
ХIордо дIакхаьллина, бах.
Сийна-сийна
Стигла тийна,
Хезаш Iийна
Нана тийжа.

2.

Сирла-сирла йогIу Iуьйре
Оьккхуьйтуш, тIом баьржина,
Халкъаца шен йолчу уьйре
Ницкъ боьхуш, кIант гIаьттина...
Малхбузехьа гена-гена
БIаьрг боьгIна наной мел Iийн!
Нана ю Iаш, бохуш, шена
КIант кхочу, лардина сий.

БIаьргех леда
БIаьрхиш лепа,
Хийла сега
ГIийла седа.

3.

Шело, йовхо, хало, аьтто,
ХьагI-гамо, барт-чIагIо ловш,
Хьийза Латта, некъбо Лаьтто,
Садаьржаш,тIаккха садовш.
Вайн цатамаш вайца боькъуш,
Вайн тамех доккха а деш,
Хьийза иза, вайна доьлуш,
Доьлхуш, шен берех цхьаъ леш.
Гаьннех леда
ТIадмаш лепа.
Сирла къега
Бовха седа.

I. УСМАНОВ[1]

НОХЧИЙН ЙИШ

Кхин чекх ма ялалахь, гІаьттинарг даггара,
Бух кІорга кхоллаелла нохчийн йиш!
Ахь хьалха хІиттадо сан лаьмнаш, ма-дарра
БІаьргашна гуш, Іенадо шийла хиш.

Беральла, къоналла кхаьбна ахь мукъамца,
Со тишваларх, хьо цкъа а къан ма лолахь.
ХІетахь сох стаг вора ондачу ойланца,
ХІинца сан беральле некъ босту ахь.

Йийшина ойланаш гІиттий ахь коьрта чохь,
Хьера а даькхи сан гІелделла дог.
Цкъа мукъне кхарстахьа арахь цІий Іенначохь —
Ахь гІаттор вара вайн мел велла стаг.

Кхин чекх ма ялалахь, гІаьттинарг даггара,
Бух кІорга кхоллаелла нохчийн йиш!
Ахь хьалха хІиттадо сан лаьмнаш, ма-дарра
БІаьргашна гуш, Іенадо шийла хиш.

[1] Усманов Іимран шен тексташа мукъамаш язбинарг а ша ву.

САН НОХЧИЙЧОЬ

Малхана уллохь ю, стигланах ийна,
Седано хьоьстуш ю, буьйсанна тийна,
Туьйранаш кхуллуш ю шен хазчу Іаламах,
Шен лаьттахь кхиош ю комаьрша, оьзда нах.

ТІаьхьара алар:

Шен карахь хьоьсту цо аганан иллица,
Къаьстича, йоьлху и догІанашца.
Шен дагца лелош ю генара хьоьгучо.
Нана, кІант вайша ду, сан Нохчийчоь.

Ямартчу мостагІчун куьг кхевдича,
Лаьмнаш, хьан аренаш цо човхийча,
Турпалчу кІенташа букъ тІехьа латтийна,
Жимачу дегнаш чохь майралла гІаттийна.

ТІаьхьара алар.

НОЖАЙ-ЮРТ

Бовха безам хьоьга балхош,
Жимчохь дуьйна хьо езна.
Хьоьха ваьлча, синтем кхачош,
Кийрахь дог дукха лезна.

Хьо кхайкхош ву вешнарг хьуна,
Замано безам листинарг,
ЦІера ара волуш дуьйна,
Шен са хьан кийрахь дитинарг.

ТІаьхьара алар:

Ножай-Юрт — дай баьхна юрт,
Лаьтта тІехь бІаьстенан сурт

Хьо сан дагна ду даима.
Хилийта сайн дахар ирсе,
Декийта сайн илли зевне,
Хьо сайн даг чохь ас латтайо.

Ломахь марзо эца лиъна,
Дайша йиллира жима юрт;
Оха тахна, ирсе кхиъна,
Лаьттахь хазйина тхайн юрт.

Лаьттахь шуьйра тІемаш хеца
Малхо схьахийци шен зІаьнарш.
Ярташ хьайца йохье леца,
Къинхьегам тІехь толам гойтуш!

ТІаьхьара алар.

ДАГМАРА

Хьо лепа, маьлхан зІаьнарш санна,
Хьо мел ю, малх эшац дуьненна;
Ца еза бахьна дац хьо дагна,
Хьо суна ца йоьгІнехь, сан ирс дайна.

ТІаьхьара алар:

ДогІа догІу,
Ша дог тедо моьттуш,
Амма дац догІа
Соьга хьо хоьттуш.

Дагмара,
Хьо цхьаъ ю ойланца хьерчаш,
Дагмара,
Ялац хьо даг чуьра цкъа!

Нагахь гІелделлачу хьан бІаьргех,
Со дагна вазвелла, хи даьллехь,

Тешар ву Іенаш долу догІа
Хьан бІаьргех Іийдалуш хиларх.

ТІаьхьара алар:

ДогІано боху,
Ша санна, шийла
Хьан бІаьргех оьху
Хиш тховса, хийла.

Дагмара,
Хьо цхьаъ ю ойланца хьерчаш,
Дагмара,
Ялац хьо даг чуьра цкъа!

ЦХЬАЛЛА

Набйина буьйсанаш йицлур ю дахарехь:
ГІан дицдан мегар ду, цо мо битац.
Ас муха дицдийр ду хилларг сайн дахарехь?
И дицдан кийрарчу даго витац.

Яйна яц, йицлур яц, кхин юха ца ярах,
Дагна там беш хилла и заманаш.
Ас хьаьнца йоькъур ю хІинца сайн марзонаш?
Юха тІегІерташ ю сан буьйсанаш.

Бер санна, Іехалуш, хьо гича, елалуш,
Дуьненан гІайгІа сан йойург ю хьо.
Со хьанна воьлур ву хІинца, дог лекхалуш?
Безаман ирс дайна, лелаш ву со.

Дезачу, жимачу, ирсечу вайшинна
Генахь вай сецийта хІун дина хьан?
Седарчий, беттаса кхеттачу кху буса
Ахь чехо хІун дина безамо сан?

Набйина буьйсанаш йицлур ю дахарехь:
ГІан диццан мегар ду, цо мо битац.
Ас муха дицдийр ду хилларг сайн дахарехь?
И диццан кийрарчу даго витац.

ЧУЛАЦАМ

Я. Хасбулатов. Нохчийн бІе мукъам (иллеш, эшарш) . 3

Халкъан хьостанаш

В. И. Ленинна даькхина илли 17
Девлатгирин-эвла йоккхуш даькхина илли 18
Эвтархойн Ахьмадан илли 19
Хьала хьажал, йина нана... 25
ЦІестан кІудал пхьаьрсах тесна... 26
Суьйранна ас ларвора хьо 27
БІаьргийн кхолар хІун ду-теша?.. 27
Ваша воцчу йишин йиш 28
Мехкарийн забзрен йиш 29
Таханалера кхоалгІа де ду... 29
Зайнапана лекхна йиш 30

Ирсечу заманан гІулчаш

Б. Сулейманов

Дог майра Асланбек 33
Къонахех къонаха 35
Майн хьалхара де 36
КІентан безам 37
Дозанхо 38
Бабин хаза йоІ 39
«Дог майрачу» Юнусан илли 40

Б. Анзорова

Нохч-ГІалгІайчохь хьалхарчех ударникана Гучигов Іалина 43
Везачу кІантана 43
Іежийн бешахь 44

М. Мамакаев

Даймехкан косташ 45
Зама 46
ТІулгаша а дуьйцу 47
Шовдане 48
Пондар 50
ЧІегІардиг 52
Безам 52

Н. Музаев

Грознех илли 54
Ленинан йовкъахь 55
Нефтяникийн илли 56

І. Мамакаев

Айза 57
Майе 58

Р. Ахматова

Хьо хІунда ца вогІу? 60
БІаьсте йогІу 60

А. Сулейманов

Дог дохден цІе 62
Машаран кхокха 63
Батто сагатдо 65

Хьо яре сатуьйсу 66
Йицъе ма ала 67
Хьо марша Іойла 68

Б. Саидов

Дукхавезачу кІанте 70

М. Сулаев

Маьлхан бІаьхо 72
Цавевзачу салтичун каш 73
Оьрсийн аре 74
«Ламанан маса хи делхьара со...» 75
Мел хаза йина хьо! 76
Уггаре а хаза зезаг 77
Аганан йиш 78

З. Муталибов

Дин беллачу дошлочун илли 79
Итт минот 80

І.-Хь. Хамидов

Партизанийн илли 82
Терка йистехь 83
Сих ма ло 84

Ш. Арсанукаев

Лаьа суна 85
Насуханова Лялина 85
Олхазар 87

І. Шайхиев

Безам къан ца ло 88
Хьан аз лачкъо шовда гІерта 89

Ш. Окуев

Шела 90
Сан Шуьйта 91
Ламанан кІант 92
Ас хьо лоьху 93
Аганан илли 94

А. Айдамиров

Езачу йоІе 96

Ш. Рашидов

Суна ницкъ лолахь 98
Іаьржа бІаьргаш 99
Ломахь гира суна и 100
Сатийсар 100
Хьуна лаахь... 101
Сийна седа 102
Гечделахь, нана 103

Я. Хасбулатов

Хьогалла 104

Б. Келоев

Ца вогІу хьо 105

М. Дикаев

Вежарийн илли 106

Кавказан Іуьйре 107
Хьол хаза йоІ суна ца гина 107
Хьан дагара хиъча... 108

І. Кусаев

Хаза кхаъ 109
Хийистехь 110
ЙоьІан йиш 110
Мичхьа ю хьо, хьоменига? 111

Хь. Сатуев

Ирс долчу ломахь 112
Советан стаг 113
Маьлхан Нохчийчоь 114

Хь. Саракаев

ХьалагІовтта 116
БІаьсте 117
Кегийрхойн илли 118
Безаман тулгІе 118

С. Айсханов

Гуьйре 120
Езачу йоІе 120
Сан дог ду хьан даге кхийдаш 121
Сан ирсан Іуьйре 122

Д. Кагерманов

Сан Кавказ 124

А. Осмаев

Седа 126

I. Усманов

Нохчийн йиш 128
Сан Нохчийчоь 129
Ножай-Юрт 129
Дагмара 130
Цхьалла 131

СТО МЕЛОДИЙ
(на чеченском языке)

Составитель Ямлихан Хасбулатов

Редактор А. Осмаев
Оформление художника А. Ясуева
Художественный редактор Ю. Шевченко
Технический редактор С. Липатова
Корректор З. Яндарбиев

Max 50 кеп.

Сто мелодий
(на чеченском языке)